ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№63 (24.969) • 2026 гъэм накъыгъэм (майм) и 26, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

Псоми хэлъыпхъэщ дахагъэр

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ «ЩIэныпхъэхэр зи куэд Iуащхьэмахуэ» япэ ЩIыналъэзэхуаку зэхуэсышхуэм. ЩIалэгъуалэм я унэу Налшык дэтым щекIуэкIа а зэхыхьэм цIыху 700-м щIигъу кърихьэлIащ - дизайнерхэр, сурэтыщIхэр, музыкантхэр, лъэпкъ IэщIагъэхэм хуэIэкIуэлъакIуэхэр, шхапIэхэр зыгъэлажьэхэр, блогерхэр, хьэрычэтыщIэхэр, щIыналъэ, къэрал къэпщытакIуэхэр. Форумыр хуэгъэпсащ экономикэм щIэм тету зегъэужьыным елIалIэ щIыналъэу ди республикэр зэрыщытыр къэралым и адрей щIыпIэхэми хэIущIыIу щыщIыным.

ЗЭХУЭСЫР къызэIуахыным ехьэлIа Iуэхухэм япэ къиихуэу щIыналъэм и Iэтащхьэм щыгъуазэ зищIащ цIыху IэпщIэлъапщIэхэм я IэдакъэщIэкIхэр щагъэлъагъуэ выставкэм. Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Кавказ Ищхъэрэмрэ щыщ IэщIагъэлI 50-м щIигъум я IэрыкIхэр утыку къыщрахьащ абдежым.

- Ди Iуэхур зытеухуа IэнатIэр ди хъуреягъкIэ щытлъагъу псоми ехьэлIащ. Ар дызэрыгупсысэ щIыкIэми, ди хъуэпсапIэхэми, тщIэхэми епхащ... ЩIэуэ тлъагъуну дызыхуей псоми дахагъэр хэлъыпхъэщ. Дыхъуапсэмэ, ди къэкIуэнум дегупсысмэ – аращ нэхъыщхьэр. А гугъапIэхэращ ипэкIэ кIуэтэныр къызэзыгъэпэщыр. Нобэ мыбдеж къыщызэхуэсар апхуэдэ цIыхухэрщ, абыхэм я хъуэпсапIэхэр я IэщIагъэкIэ, я творчествэкIэ къызыкъуахыу аращ икIи нобэ дагъэлъагъу дыпсэунымкIэ, ипэкIэ дыкIуэтэнымкIэ къытхуэщхьэпэну хьэпшыпхэр, - къызэхуэсахэм захуигъазэу жиIащ КIуэкIуэ Казбек зэIущIэр къыщызэIуихым.

Форумым къэрихьэлIащ Москва къалэм, Башкортостан, Дагъыстэн, Ингуш, Осетие Ищхъэрэ - Алание, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм, Ставрополь крайм къикIахэр, апхуэдэуи Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэ, щIыналъэ псоми я лIыкIуэхэр.

«ЩIэм тет экономикэр щIыналъэр ипэкIэ зышэ къарущ» зэIущIэм щытепсэлъыхьащ а IэнатIэм щIыналъэм инвестицэхэр къыхегъэлъхьэнымкIэ иIэ мыхьэнэм.

Зэхуэсым и унэтIакIуэу щытащ щIэныпхъэщIэхэм зегъэужьынымкIэ «КРЕАДЭВ» дунейпсо центрым и унафэщI Храпко Татьянэ, щIыналъэхэм къыщыщIагъэкIхэр хэIущIыIу щIыным елэжь Крыжановская Анжелэ, Кавказ.РФ-м зэпыщIэныгъэхэмкIэ и департаментым и унафэщI Баевэ Татьянэ, СНГ-м Iуэху щызэдэзыщIэхэм я центрым щIэм хуэгъэпса экономикэмкIэ и советым и Iэтащхьэ Горчаковэ Аннэ, НАОМ-м и унафэщI Жоля Юлие, «ПроЕДУ по России» программэр зей Суменковэ Екатеринэ, «Smell Terra» брендыр зей Манджиевэ Кермен.

КIуэкIуэ Казбек хьэщIэхэм фIыщIэшхуэ яхуищIащ къэрахьэжьа Iуэхур къызэрыдаIыгъам папщIэ.

Зэхыхьэм и Iуэху нэхъыщхьэхэм ящыщу щытащ Iуэхухэр къызэгъэпэщынымкIэ лъэпкъ зэгухьэныгъэмрэ КъБР-м зыужьыныгъэмкIэ и корпорацэмрэ туризмэм щызэдэлэжьэным теухуауэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэр.

А псом къахэщыжырт Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыщIагъэкIахэр адрейхэм къарихэпцIыхукIын папщIэ зэхалъхьа теплъэр къызытещ дамыгъэр. Ар республикэм щыщ щIалэгъуалэ зэчиифIэхэм, Москва щыщ IэщIагъэлIхэр я дэIэпыкъуэгъуу, ящIащ. Абы щызэгъэуIуащ иджырей технологиехэмрэ цIыхубэм къадекIуэкI щэнхабзэ теплъэгъуэхэмрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм къыхигъэщхьэхукIащ инфраструктурэр лъэныкъуэ куэдкIэ егъэфIэкIуэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр, цIыху зэчиифIэхэр щылэжьэфын папщIэ икIи жиIащ апхуэдэ IуэхущIапIэхэм ящыщ зы «Iуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупIэм къызэрыщызэIуахынур.

КъимыдэкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр щытекIуащ къэрал субсидие къыдэхыным хуэунэтIауэ екIуэкIа зэпеуэм: сом мелуан 79-рэ хуаутIыпщынущ щIэныпхъэщIэхэр зэхэлъхьэным, абыхэм зегъэужьыным тегъэпсыхьа япэ еджапIэр къызэIухыным.

- Республикэм щыIэ хъуащ щIыуэпс IэнатIэм епха унэтIыныгъэ щхьэхуэ. Илъэс кIуам дэ дыхалъытащ Урысей лъэпкъ саугъэтыр къэхьынымкIэ «ЩIэныпхъэхэр зи куэд щIыпIэ» зэпеуэм нэхъыфIу къыщалъыта щIыналъипщIым. Си фIэщ мэхъу ди цIыху зэчиифIэхэр нэхъыфIхэм, зи зэфIэкIкIи бжьыпэр зыIыгъхэм сыт щыгъуи ящыщу зэрыщытынур икIи Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысеймрэ я цIэхэр мызэу фIыкIэ зэрагъэIунур, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек и къэпсэлъэныгъэм и кIэухым.

• Иужьрей уэзджынэ

Еджауэ, узыншэу, ГуфIэжу фыпсэухэ!

Ди республикэм и курыт школхэм нобэ щокIуэкI Иужьрей уэзджынэм и махуэшхуэр. НыбжьыщIэхэм я гуфIэгъуэр даIэт адэ-анэхэм, егъэджакIуэхэм, КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэхэм, къалэ, къуажэ администрацэхэм я IэщIагъэлIхэм. Школ линейкэхэм апхуэдэу кърагъэблэгъащ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэр, СВО-м хэтхэр, жылагъуэм пщIэ щызиIэ нэхъыжьыфIхэр.

НОБЭРЕЙ гуфIэгъуэр псом хуэдэжкъым а уэзджынэр иужьрейуэ къызыхуущIэкIыну ныбжьыщIэхэм я дежкIэ. Ди республикэм и курыт школхэм я 11-нэ классыр мы гъэм къаух цIыху мини 5-м щIигъум. 9-нэ классыр къэзыух сабий мин 12-м нэсым яхэтщ, курыт школым къыщIэкIыу, ябгъэдэлъ зэфIэкIхэм курыт щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ къозыт нэгъуэщI еджапIэхэм щыпызыщэни. Нобэрей гуфIэгъуэ зэхуэс екIухэм иджыри школакIуэу хэтщ а ныбжьыщIэхэр. Махуэл дэкIмэ, ахэр хъунущ ди республикэм, къэралым я нэгъуэщI щIыпIэхэм щыIэ университетхэм, институтхэм, академиехэм, техникумхэмрэ лицейхэмрэ я студент. Абыхэми, я егъэджакIуэхэми, адэ-анэхэми фIыуэ къагуроIуэ къэблагъэ зэманыр абыхэм я дежкIэ хуабжьу ткIийуэ зэрыщытынур: школыр къэзыуххэм къэрал экзаменхэр щат лъэхъэнэр къэсащ.

Къыхэдгъэщынщи, Къэбэдей-Балъкъэрым и курыт школхэм зыуэ щыт къэпщытэныгъэм и пIалъэ нэхъыщхьэр мэкъуауэгъуэм и 1-м щаублэ. ЕГЭ-хэр, ОГЭ-хэр щекIуэкIынущ абыхэм папщIэ хэхауэ къызэрагъэпэща щIыпIи 115-м. Ахэр ирикъуу къызэгъэпэщащ зыхуей-зыхуэфI псомкIи, экзаменхэр езыгъэкIуэкIыну IэщIагъэлIхэри ахэр зэрекIуэкIыр зи нэIэм набдзэгубдзаплъэу щIэтыну жылагъуэ кIэлъыплъакIуэхэри хэту. Шэч къытетхьэркъым нобэ гуфIэгъуэ утыкухэр зыгъэдахэ ныбжьыщIэхэм ящыщ дэтхэнэри къыпэщылъ а къэпщытэныгъэхэм зэрапэлъэщынум. Дэтхэнэми наIуэ къищIынущ илъэс 11 зи кIыхьагъ школ гъуэгуанэр сыт хуэдэу къикIуами, а зэманыр дауэ къигъэсэбэпами.

А псори къыщыхъунур тхьэмахуэ къакIуэращ – нышэдибэ школакIуэхэр щызэхуос ягъэщIэрэщIа, макъамэ дахэхэр къыщыIу еджапIэ пщIантIэ хуитхэм. 11-нэ классыр къэзыуххэм нобэрей махуэр гукъинэж ящыхъун папщIэ школакIуэ нэхъыщIэхэми ялъэкI къагъэнакъым. Абыхэм школ щIыхьэпIэхэр, гуфIэгъуэ зэIущIэр щекIуэкI утыкухэр удз гъэгъахэмрэ шар зэмыфэгъу гъэпщахэмкIэ ягъэдэхащ, гуфIэгъуэр нэхъыбэу зыхуэунэтIахэм папщIэ концерт цIыкIухэр, теплъэгъуэ кIэщIхэр ягъэхьэзырращ.

КъыхуащI гулъытэмрэ гуапагъэмрэ папщIэ фIыщIэ ящIу, гуфIэгъуэмрэ дэрэжэгъуэмрэ я гум щызу утыкухэм къохьэ школыр къэзыуххэр, я класс унафэщIхэр я пашэу. Ахэр адрейхэм къахощ я зыхуэпэкIэкIи, я плIэм зэпрыууэ едзэкIа дарий лентI щхъуэкIэплъыкIэхэмкIи, я нэгум къищ нэжэгужагъэмкIи. А ныбжьыщIэхэрщ гуфIэгъуэм зыкърезыгъэхьэлIа псоми - егъэджакIуэхэми, адэ-анэхэми, школакIуэ цIыкIухэми, хьэщIэ лъапIэхэми – нобэкIэ я плъапIэр.

Зи щIалэгъуэхэр, дауи, егъэпIей мы зэманым къэралыр зэрыт щытыкIэ ткIийм, атIэми абыхэм я фIэщ мэхъу, Тхьэм жиIэмэ, гъащIэр нэхъ зэпэщ зэрыхъужынур, зрагъэгъуэт щIэныгъэм зэрыщыгуфIыкIыжынур, я IэщIагъэхэмкIи лэжьыгъэ IэнатIэ ягъуэту зэрыпсэунур. Апхуэдэ фIыгъуэхэмкIэ ныбжьыщIэхэм яхуоупсэ Иужьрей уэзджынэм балигъ гъащIэм хишэ ныбжьыщIэхэм яхуэгъэзауэ утыкум хъуэхъу дахэхэр щызыгъэIу дэтхэнэри.

Иужьрей уэзджынэр угъурлы фхуэхъуну, ныбжьыщIэхэ! Шэч хэмылъу, фэ къыфпоплъэ Iуэхугъуэ хьэлэмэт куэду зэхэлъ къэкIуэну зэман дахэр! Ди гуапэщ гъащIэм фи увыпIэ щывгъуэтыну, гупсысэ Iущхэр зи лъабжьэ Iуэху екIу куэд зэфIэфхыну, насып мыкIуэщIкIэ, ехъулIэныгъэкIэ гъэнщIа гъащIэ ефхьэкIыну.

Гъуэгу махуэ, лъагапIэщIэхэр зи плъапIэ, къэралым и къэкIуэнур зэлъыта зи щIалэгъуэхэ! Дунейр зыхуримыкъу, ар тIэу пкIэгъуэу къызыщхьэуу балигъ гъащIэм хэувэ ныбжьыщIэхэм дыновохъуэхъу лъэпкъ усыгъэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа ЩоджэнцIыкIу Алий и «ЩIэблэ» усэ дахэмкIэ.

Мэз лъапэу пэу
щхъуантIэм
Акъужьыр щоубзэр,
И бзухэр бзэрабзэу
УэрэдкIэ ныпожьэр.
Псы уэрхэу абджыфэм
Салъкъыныр къыхехур,
Бгыху задэу пшэрытхэм
Псыр хьущIэу къохуэхыр.
Узыншэу, гуащIафIэу
Фыхэхьуэ, щIэблэбэ,
ЛIы быдэу, Iэрыхуэу
Зывгъэасэ, вагъуэплъхэ!
ЛэжьакIуэм я щIэблэщ
Лъэ быдэу ежьэнур,
Абыхэм я бынхэщ
Дунейм и тепщэнур.
Щывгъэлут мэз уэхым
ГуфIэгъуэм и макъыр.
ЩыфIэтыт уэрэдыр
ЩIы тафэм и нэкIум.
Фыбакъуэ хэфкъузэу:
Нэхъыжьхэр къыводжэ,
Еджауэ, узыншэу,
ГуфIэжу фыпсэухэ!

ЖЫЛАСЭ Маритэ.
«Адыгэ псалъэ» газетым егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Гулъытэ зыхуэщIыпхъэхэр

Республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и Президиумым и зи чэзу зэIущIэм, «комитетым хухах сыхьэтым» хыхьэу, щыхэплъащ КъБР-м и Парламентым УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ IуэхухэмкIэ и комитетым 2025 гъэм и щIышылэм къыщыщIэдзауэ 2026 гъэм и накъыгъэ пщIондэ иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм.

АБЫ ТЕУХУАУЭ къэпсэлъащ зи гугъу тщIы комитетым и унафэщI Къумал Заурбэч. Депутатым къыхигъэщащ УФ-м и Президент Путин Владимир УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъазэмрэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек КъБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъазэмрэ къыщыгъэлъэгъуа къалэнхэм гулъытэ хэха зэрыхуащIыр, апхуэдэуи республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщI Егоровэ Татьянэ пщэрылъ къащищIахэр зэрагъэзащIэр.

Къэпсэлъам зэрыжиIамкIэ, зи гугъу ящI пIалъэм къриубыдэу псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм, цIыхухэр псыкIэ къызэгъэпэщыным, фэтэр унэхэр зыхуей хуэгъэзэным, жьы хъуахэм къыщIэгъэIэпхъукIыным, ЖКХ-м и IуэхущIапIэхэр бжьыхьэ-щIымахуэ гъэплъыгъуэм хуэгъэхьэзырыным ехьэлIауэ гугъуехь нэхъыбэ здэщыIэхэр къыщагъэнэIуа Iуэхуи 9 комитетым иригъэкIуэкIащ. Абыхэм ящыщу Къумалым къыхигъэщащ КъБР-м и Парламентымрэ Осетие Ищхъэрэ-Аланием и Парламентымрэ Дзэлыкъуэ муниципальнэ районыр я щапхъэу зэрытепсэлъыхьар цIыхухэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ IуэхущIапIэхэр ухуэнымрэ зегъэужьынымрэ. Апхуэдэуи «Правительствэм хухах сыхьэтым» хыхьэу, КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зэIущIэхэм щыхэплъащ «КъБР-м ухуэныгъэ IэнатIэм зэрызыщиужьыну щIыкIэмрэ хэкIыпIэхэмрэ теухуауэ» Iуэхум (Налшык къалэм щыIэ «Восточный», «Мей» хьэблэщIэхэр я тегъэщIапIэу), КъБР-м и псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм и гугъуехь нэхъыщхьэхэмрэ газкIэ, псыкIэ, хуабэкIэ къызэзыгъэпэщ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэмрэ.

Комитетыр хэплъащ республикэм щыпсэухэм зэрызыкъыхуагъэза Iуэхугъуищэм щIигъум. Жылагъуэр нэхъыбэу зытегузэвыхьхэм ящыщт псэупIэ-коммунальнэ IуэхущIапIэхэмрэ фэтэр куэду зэхэт унэхэр зи нэIэм щIэтхэмрэ я лэжьыгъэм арэзы къызэримыщIыр, кIэрыхубжьэрыхухэр зэрыдашым, псэупIэхэр зэраухуэ щIыкIэмрэ зэрызэрагъэпэщыжымрэ гугъуехь къызэрыхэкIыр.

- КIэрыхубжьэрыхухэр зэхуэхьэсынымрэ гъэкIуэдынымрэ епхауэ гугъуехь ин зыбжанэ щыIэщ. Ахэр мызэмытIэу къэтIэтащ икIи лэжьыгъэ IуэхукIэ дытепсэлъыхьащ. Иджыпсту, дызэрыщыгъуазэщи, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и унафэкIэ, накъыгъэм и 15-м щегъэжьауэ кIэрыхубжьэрыхухэр дишыну пщэрылъ щащIащ «Экотехпром» МУП-м. Дыщогугъ ар и къалэнхэм пэлъэщыну, - жиIащ къэпсэлъам.

Къумалым дыщIигъуащ, хабзэм къигъэув пIалъэм къриубыдэу, цIыхухэм жэуап зэрыратыр. Псалъэм папщIэ, коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмщIат уасэр егъэлеяуэ къалъытэу къатхам комитетыр хэплъа нэужь, псори зэхэту сом мин 204-рэ хуэзэрагъэзэхуэжащ.

Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкIэ, ЖКХ-м и IэнатIэр республикэм и мызакъуэу, къэрал псом щынэхъ гугъу дыдэхэм ящыщщ, языныкъуэ гугъуехьхэм псоми я къару зэхэлъу ябгъэдыхьэпхъэу. Комитетыр сыт щыгъуи хэкIыпIэхэм мэлъыхъуэ, цIыхухэм я Iуэху зэIумыбзхэр зэфIэхынымкIи лъэкI къигъанэркъым. Къумал Заурбэч республикэм и министерствэхэм фIыщIэ яхуищIащ сыт щыгъуи купщIафIэу зэрызэдэлажьэм папщIэ.

* * *

ЗэIущIэм депутатхэр щытепсэлъыхьащ цIыхухэм я хуитыныгъэхэр, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным, турист лэжьыгъэм, волонтёрствэм, нэгъуэщIхэми ехьэлIауэ къэралым и щIыналъэхэм ягъэхьэзыр жэрдэмхэмрэ федеральнэ законхэм я проектхэмрэ.

КъищынэмыщIауэ, депутатхэм унафэ къащтащ республикэм и социальнэ IэнатIэм, жылагъуэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным, узыншагъэр хъумэным, щэнхабзэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщI зыбжанэм КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр иратыну.

Ди къуэш республикэхэм

Сом мелуан 23-рэ

АДЫГЕЙ. **Красногвардейскэ районым и Хьэткъуей къуажэм къыщагъэщIэрэщIэж, зыхуей щыхуагъазэ дохутыр амбулаторэр. Абы федеральнэ бюджетым хухихащ сом мелуан 23-рэ, - къет Адыгейм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм.**

IэщIагъэлIхэм я мурадщ лэжьыгъэр мы илъэсым и ещанэ мазищым къриубыдэу зэфIахыну. КъищынэмыщIауэ, 2026 гъэм пащэ Куэшхьэблэ район сымаджэщым, Яблоневскэ поликлиникэмрэ Адыгейск дэт сымаджэщымрэ щрагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм.

Медицинэ IуэхущIапIэхэр къагъэщIэрэщIэж «Узыншагъэр хъумэн» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ.

Дзэ Iуэху хэхам хэтхэм

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Республикэм щыщу дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я унагъуэхэм щыщхэр зыплъыхьакIуэ ежьащ Мэзкуу - Санкт-Петербург - Великий Новгород гъуэгум тету. «Дыдейхэр утыку къиднэркъым!» проектыр егъэзащIэ «РЖД» холдингым, «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондыр щIыгъуу, УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэр хэту.**

Къэрэшей-Шэрджэсым и Правительствэмрэ КъШР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэмрэ даIыгъыу, «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым и къудамэм иригъэжьащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я унагъуэхэм ящыщу цIыхуи 7.

Мыпхуэдэ проектхэр хуэгъэпсащ Хэкум и хъумакIуэхэр дэIыгъыным, тхыдэ фэеплъыр хъумэнымрэ псэкупсэ лъапIэныгъэхэр гъэбыдэнымрэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Іуэхущіафэ дахэ, лъэужь нэху

Ди япэ ита нэхъыжьхэм, зауэм хэтахэм, зи сабиигъуэр а лъэхъэнэ гугъум хиубыдахэм я гукъэкІыжхэм ущедаІуэкІэ, я къекІуэкІыкІам и хъыбар яІуэтэжу щызэхэпхыжкІэ умыгъэщІэгъуэн плъэкІыркъым - сыту куэд ягъэва, гугъуехь куэд къызэранэкІа абыхэм. Ауэ сыт хуэдиз лъэпощхьэпо Іууэми, дзыхь къыхуащІа къалэныр ягъэпэжу колхозым, нэгъуэщІ ІуэхущІапІэ зэхуэмыдэхэм, я жылэм, къэралым псэ къабзэкІэ яхуэлэжьащ я нэхъыбэр. Лэжьащ я адыгагъэр, я цІыхугъэр япэ ирагъэщу, я адэжьхэм къадекІуэкІ хабзэхэр ямыгъэулъийуэ. Абыхэм ящыщ зыщ Джэрмэншык къуажэм дэса Шыджынэ Талий.

ПАСЭУ колхоз лэжьыгъэм пэрыхьэн хуей хъуащ Шыджынэ Аслъэнбэч и къуэр - нэмыцхэр ди щІыпІэм ирахужа къудейуэ, 1943 гъэр екІуэкІыу, зи ІэпкълъэпкъыР мыжа щІалэ цІынэм, илъэс 14-м нэса-нэмысауэ шыгухуу лэжьэн ирегъажьэ. А ІэнатІэм илъэсищкІэ пэрытауэ, «фермэм жэмышу умыкІуэу хъунукъым» къыщыжраІэм, «хьэуэ» къыхимыгъэкІыу и къалэныщІэм пэрохьэ. А лэжьыгъэми Талий пэрытащ къыбгъурыт нэхъыжьхэм я губгъэн къимыхьу, фермэ унафэщІри, ищхьэкІэ къыщыІэхэри арэзы ищІу. Ієщ зехьэным и пІалъэм фІыуэ хэгъуэза щІалэм куэд дэмыкІыу пщэрылъ къыщащІ Ієщ дохутыру фермэм щылэжьэну. Абы пэрыту, и пІалъэр къыщысым, даш дзэ къулыкъум.

Шэч къытетхьэркъым а здэкІуа КъуэкІыпІэ жыжьэм, Джэрмэншык щыщ щІалэр лІы хуэдэлІу, и жылэм, и лъэпкъым, адыгэм я пщІэр иІэту зэрыщыІам. Арыншамэ, къимылэжьамэ, сержант дамэтелъыр къратынт?!

Армэм къикІыжу зи адэжь лъапсэм къэзыгъэзэжа, дзэ къулыкъум нэхъри ипсыхьа Талий ягъэув гъэш фермитІым языхэзым и унафэщІу. Колхоз Іэтащхьэми, хозяйствэм къулыкъу щызыІыгъ адрей ІэщІагъэлІхэми, дауи, ящІэрт жэмышуи Ієщ дохутыруи лэжьа щІалэм уи дзыхь ебгъэз зэрыхъунур, фермэр тэмэму лэжьэн папщІэ абы хузэфІэкІ къызэримыгъэнэнур. ИкІи а Іуэхур Шыджынэм и пщэ зэрыдилъхьам зы махуи хущІегъуэжакъым колхоз тхьэмадэр. Абы иужькІэ хозяйствэм и унафэщІу, ІэщІагъэлІ нэхъыщхьэу лэжьахэри хуабжьу арэзы техъуэрт Талий и Іуэху зехьэкІэм. Техъуэнтэкъэ, фермэм гъэшымкІэ и пщэ къыдэхуэ къалэнхэр сыт щыгъуи щІигъуу игъэзащІэрт, районым щекІуэкІ зэхьэзэхуэхэм куэдрэ къыхэжаныкІырт. Апхуэдэу фермэм и Іуэхур зэтебухуэн папщІэ жэмышхэм, Іэхъуэхэм я ІэнатІэр зэрызэрахьэм зы махуи утеплъэкъукІ, Іэпэдэгъэлэл пщІы хъунутэкъым. Ар фІыуэ къыгурыІуэрт Талий.

Колхозым, совхозым хэта дэтхэнэ зыми ещІэ - абыхэм я лэжьыгъэм ІэнатІэ тынш хэбгъуэтэнукъым. Ауэ Ієщ гъэхъуным нэхърэ нэхъ гугъу яхэткъым. Ар щІыжытІэращи, илъэс 30-кІэ гъэш фермэм и нэхъыжьу лэжьащ Шыджынэр. Пэмылъэщу, хуземыхьэу, адрейхэм къакІэригъэхуу щытамэ, апхуэдиз зэманкІэ ар пэрагъэтынт а ІэнатІэм?

Гъэш фермэм къыІукІа иужькІэ хадэхэкІ бригадэм и унафэщІу ягъэкІуащ Талий. А ІэнатІэр илъэс зыбжанэкІэ зэрихьауэ, колхоз унафэщІым и лъэІукІэ мэкъумылэ гъэхьэзырыным пэрыт лэжьакІуэ гупым я нэхъыжьу уващ. А къалэнри илъэсипщІкІэ и пщэ дэлъащ Шыджынэм. Талий зыпэрыта ІэнатІэхэр къыщІедбжэкІым и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр зыщ - жэуапышхуэ зыпылъ къалэнхэм зэрыпэлъэщынур, абы укъызэригъэпэжынур и щхьэкІэ къыщыІэ унафэщІхэм я фІэщ хъууэ, сыт щыгъуи я дзыхь кърагъэзу зэрыщытарщ.

Джэрмэншык къуажэм нобэ щыбгъуэтынущ Талий фІыуэ зыцІыхуу щыта, абы и дуней тетыкІам щыгъуазэ нэхъыжьыфІхэр. Абыхэм ящыщщ Факъуэ Хьэсэнбий.

- Си адэр зауэм къикІыжат и Іэ лъэныкъуэр хилъхьауэ, - жеІэ абы. - Ди унагъуэр нэхъ зыхуей хуэзэн щхьэкІэ школым сыкъызэрыщІэкІыу си адэр Талий елъэІури, абы и фермэм сигъэкІуащ жэмышу. ІэнатІэм сыщыпэрыхьар Аурсэнтхщ. Сэ нэхъ щІалэ яхэттэкъым гупым, илъэс 17-т сызэрыхъур. ЩІалэгъуэделэгъуэ ныбжьым ситт. Зэзэмызэ зэраныгъэ гуэр щызлэжьи сыщытехьэулеикІи къэхъурт. Апхуэдэхэм деж Талий и Іэпэр къысхуигъэдалъэрти, «дяпэкІи апхуэдэ гуэр пщІауэ сумыгъэлъагъу, уи тхьэкІумэр тесчынщ» къызжиІэрт. Къызэшхыдэртэкъым, си жагъуэ къищІыртэкъым. Куэдрэ сыдэлэжьакъым а лІым. Къущхьэхъу сыкъехыжа нэужь шоферу седжэщ, илъэс зыкъом дэкІщ, колхоз гаражым и нэхъыжьу сагъэуври, пенсэм сыкІуэхукІэ абы сыІутащ. Ауэ Талий сэрэ зэи дызэрыгъэгъуэщакъым. Апхуэдэ цІыху Шыджынэхэ ямыІауэ жысІэми сыщыуэнкъым. И хабзэбзыпхъэкІэ щапхъэ зытепхын адыгэлІт. Абы я лъэпкъым гуфІэгъуэ яІэми гузэвэгъуэ къалъыкъуэкІми чэнджэщэгъу ар ящІырт: гуфІэгъуэм деж хэт нэхъыжьу нэчыхьытхым хагъэсынуми, нэщхъеягъуэм и Іуэхур нэхъ тэмэму зэрызэфІэгъэкІын хуейми и унафэ иратъэщІырт. Хъуэпсэгъуэу бын хъарзынэ къыщІэнащ Талий. КъуиплІрэ пхъуитІрэ иІэти, и зы хъыджэбз цІыкІур, илъэс зытхух и ныбжьыну, машинэ къикІуэтым пэщІэлъадэщ, ныкъуэдыкъуэ хъури, абы иужькІэ куэд ихьыжакъым.

Жылэм пщІэ зыхуащІу щыта дэлъху зэриІар и напщІэ телъщ Талий и шыпхъу, илъэс 85-рэ зи ныбжь Шэризэт. Ар нобэ жьыщхьэ махуэ хъуауэ, и быным и быныжхэм жьауэу ящхьэщыту, чэнджэщ щхьэпэ яриту мэпсэу:

- Си адэ-си анэм Талийщ ябгъэдэсари, тхьэ, я псэр ирагъэшхыным хуэдэу фІыуэ ялъэгъуам. Ар сыт хуэдэ цІыхут. Абы пэсщІын щыІэу си фІэщ хъуркъым. «Сигу къэкІащ» жызимыгъэІэу, щІэх-щІэхыурэ къыслъыгъуэзам, къысщІэупщІам, сыт хуэдэ Іуэху сиІэми, къыздэІэпыкъуари си чэнджэщ зэсхьэлІари си дэлъхухэрщ. Сыщагъэуакъым, къысхуэсакъахэщ. Талий гущІэгъулыт, унагъуэр къэгъэнауэ, Іыхьлым, благъэм, гъунэгъум зыгуэркІэ сымаджэ къахэкІамэ, фІэгуэныхь хъууэ, ящІэупщІэу, я гур фІы яхуищІу апхуэдэт. И щхьэгъусэ Женэрэ абырэ гъунэгъуми фІы дыдэу яхущытащ, ещхьыркъабзэу езыхэри къалъэгъуащ. Я бынхэрщи, жыІэдаІуэхэщ, къэзылъхуам яхуэфащэу дунейм тетхэщ...

И пхъуитІым языр сабийуэ, гуузу щыфІэкІуэдым Талий Іыхьэлейуэ илъагъуу, и гур нэхъ хуэмыгъуэу щытащ къыхуэна и хъыджэбзым - ФатІимэ. Ар Къардэнхэ исщ, щІалищ иІэщ.

- Ди адэр Іэдэбт, нэмыс зыхэлъ цІыхут. Щхьэщытхъугъэр и жагъуэт, псэлъэрейтэкъым. Пщэдджыжьым жьы дыдэу дэкІырт, къыщыдыхьэжыр гувауэт. ТІэкІу нэхъ пасэу къытхыхьэжамэ, зыгуэркІэ дызэригъэгуфІэным иужь итт. Си щхьэкІэ къысхуэщІэжыркъым и Іэр къыттехуэн дэнэ къэна, и быным ину къыдэпсэлъауэ. Нобэ хуэдэу си нэгум щІэтщ: дыщынэхъ цІыкІум щыгъуэ, жэщым унэм къыщІыхьэжамэ, хэт и вакъэр хулъытхыу, хэт и пыІэр, и кІагуэр къеІытхырт. Ди адэр зыщІэс пэшым дыщытІысу щытакъым, дыщышынэртэкъым, дыщыукІытэрт, хабзэ дэтлъагъум апхуэдизкІэ дыфІэлІыкІырти. Школыр къыщызухам щыгъуэ сызыбгъэдишэри къызжиІауэ щытащ: «Еплъ, си хъыджэбз, си къуиплІым къызамыщІар уэ къызэпщІэфынкІэ хъунущ. Абы егупсыс». А псалъэхэм кърыгъэкІар «сумыгъэукІытэ, уи нэмыс пІыгъыжу дунейм тет» жиІэу арат. Ар къызэрызжиІэрэ илъэс 40-м щІигъуащи, нобэми сигу ихуркъым.

Ди анэмрэ абырэ илъэс 54-кІэ зэдэпсэуащи, зэщыхьауэ, зэфІэнауэ, къысхуэщІэжыркъым. Ди анэри тыншакъым, колхоз губгъуэм итащ хузэфІэкІ ищІэу. А зэманым, зауэ нэужьхэм, псори апхуэдакъэ. Си анэшхуэми и чэнджэщхэри щхьэпэ къысхуэхъуащ. Абы къызжиІэрт: «Уи адэр цІыхум яхэтщ, унафэ яхуещІ, абы нэгъуэщІым яхуимыдэр фэ влэжь хъунукъым». ІэфІ куэд сигу къэзгъэкІыжыфынущ ди адэм теухуауэ, ауэ абы сыщымытхъуми, ар зыхуэда цІыхур ди къуажэдэс нэхъыжьхэм фІыуэ ящІэ.

И акъыл, и зэфІэкІ емыблэжу къыхуагъэфэща ІэнатІэхэр екІурэ ещхьу зезыхьа Шыджынэ Талий гулъытэншэу къагъэнакъым, и ІуэхущІафэм пщІэ игъуэтащ. Абы кърату «ГуащІэдэкІым и Бэракъ Плъыжь» орденыр, Хэку зауэшхуэм и зэманым колхоз лэжьыгъэм зэрыхэлІыфІыхьам папщІэ медаль, нэгъуэщІ медаль зыбжани, щІыхь тхылъхэри. Апхуэдэу тІэуней къыхуэупсащ автомашинэкІэ: зэм «Волга», етІуанэу «Жигули». Ди республикэм щыщу куэд хъуркъым къэралым и орден зрата колхозхэр. Апхуэдэхэм ящыщ зыщ Джэрмэншыкыр. А пщІэр колхозым къызэрыхуащІам и Іыхьэшхуэ хэлъщ Талии.

Колхоз лэжьыгъэм, унагъуэ Іуэхум къыдэхуэу зигъэпсэхуну, нэгузегъэужьакІуэ кІуэну куэдрэ къыхуихуэртэкъым а лІым. Ауэ абы и псэм и щІасэт шыгъажэр. Налшык щекІуэкІ зэхьэзэхуэхэм блимыгъэкІІауэ еплъырт, дэрэжэгъуэшхуэ игъуэту.

ИщхьэкІэ зи гукъэкІыж къэзыІуэтэжа Факъуэ Хьэсэнбий къызэрыхигъэщащи, Шыджынэ Талий къыщІэнащ быныфІ. Абырэ и щхьэгъусэ Женэрэ къащІэхъуахэр - Сэлим, Толэ, Хьэлий, Сэлэдин, ФатІимэ сымэ нобэ къогъуэгурыкІуэ «къэзылъхуа адэм хуэфащэхэщ» къыхужаІэу. Сэлим шоферу колхозым хэтащ, Джэрмэншык дэт щІэп заводми, абы и пІэкІэ къэунэхуа «Эрпакми» Іутащ, Толэрэ Сэлэдинрэ Налшык щыІа автоколоннэм щылэжьащ автобусым дэсу, фІыкІэ я цІэ кърaІуэу, я сурэтхэр щІыхь пхъэбгъум иралъхьэу. Толэ иоби ІэнатІэ пэрытщ. Налшык и Іэдииху хьэблэм дэт 26-нэ школым и еджакІуэхэр къешэ-ешэж, ФатІимэ пщафІэу щылэжьащ я жылэм дэт сабий садым, Хьэлий и ІэщІагъэкІэ хьэкущІэщ. Зэкъуэшхэмрэ я шыпхъумрэ къатепщІыкІыжа щІэблэм я бжыгъэр тІощІырыпщІ мэхъу.

Хьэблэм, къуажэм я джэлэсыр зэгурыІуэ-зэдэІуэжу къэгъуэгурыкІуэ, хабзэбзыпхъэм тету быныфІ щапІа унагъуэхэрщ. УнагъуэфІхэр и бащэмэ, жылэри узыншэщ. Апхуэдэщ ІуэхущІафэ дахэрэ лъэужь нэхурэ къэзыгъэна Шыджынэ Талийрэ абы и щхьэгъусэ Женэрэ зэдапІа я бынхэр - я къуиплІымрэ я пхъумрэ я унагъуэхэри.

САУТ СулътІан.

Ахъуэхъу Таймураз Борис и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хэщІыныгъэшхуэ игъуэтащ. 2026 гъэм накъыгъэм и 24-м зэуэзэпсэу дунейм ехыжащ республикэм щыщ къэрал лэжьакІуэ цІэрыІуэ, Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Ахъуэхъу Таймураз Борис и къуэр.

1971 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м ар Бахъсэн къалэм къыщалъхуащ. Нарткъалэ дэт курыт еджапІэ №1-р ехъулІэныгъэфІхэр иІэу къиуха нэужь щІэтІысхьащ Ломоносов М. В. и цІэр зэрихьэу Москва дэт къэрал университетым. Ари фІы дыдэу 1995 гъэм къиухащ социологие ІэщІагъэмкІэ. 2003 гъэм абы етІуанэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ «Юриспруденцие» унэтІыныгъэмкІэ щызригъэгъуэтащ Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. 2002 гъэм абы пхигъэкІащ экономикэ щІэныгъэхэмкІэ кандидат цІэр къыщІыфІаща и диссертацэр.

Ахъуэхъу Т. Б. 1996 гъэм ІэщІагъэлІ пажэу лэжьэн щыщІидзащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» экономикэ щІыналъэ щхьэхуитым и администрацэм. 1998 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ къэрал Налог инспекцэм ирагъэблэгъащ.

2002 гъэм къыщыщІэдзауэ абы къулыкъу щищІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и налог полицэм и органхэм, иужькІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ и органхэм. 2004 гъэм щегъэжьауэ абы унафэщІ ІэнатІэ зыбжанэ щрихьэкІащ Урысей Федерацэм и къэрал Налог къулыкъущІапІэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм.

2015 гъэм Ахъуэхъу Т. Б. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр ІэнатІэкІэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэу къащхьэщыжынымкІэ и министрым и къуэдзэу ягъэуващ, иужькІэ и унафэщІу щытащ Къэрал казначействэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм. 2016 гъэм Ахъуэхъу Т. Б. ягъэуващ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэу, иужькІэ и япэ къуэдзэу. 2018 гъэм щегъэжьауэ ар лэжьащ Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэу.

Ахъуэхъу Т. Б. жылагъуэ-политикэ Іуэхухэми жыджэру хэтащ, «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и ЩІыналъэ Политикэ Советым и секретарым и къуэдзэу щытащ.

Зыпэрыта ІэнатІэ псоми Ахъуэхъу Т. Б. зыкъыщигъэлъэгъуащ ІэщІагъэлІ нэсу, цІыхугъэшхуэ зыхэлъу. Ар сыт щыгъуи, псом япэрауэ, и щхьэм хуэткІиижт, лэжьыгъэр Іэпэдэгъэлэл имыщІу, зэпІэзэрытт, цІыхухэм яхуэгумащІэт, гулъытэ яхуищІырт.

Ахъуэхъу Таймураз Борис и къуэр гъащІэмащІэт, ауэ а зэманыр абы ІуэхуфІхэмкІэ игъэнщІыфащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ пажэхэм ящыщ зым, щІыхьыр, къалэныр япэ изыгъэщу къэгъуэгурыкІуам, цІыху щыпкъэу, дзыхь зэбгъэз хъу ныбжьэгъуфІу щытам и фэеплъыр игъащІэкІэ ди гум илъынщ.

КІуэкІуэ К. В., Егоровэ Т. Б., Мусуков А. ТІ., Къуэдзокъуэ М. М., Васильченкэ Д. А., Амщокъуэ Ф.Къ., Быкъыш Р.Хь., Берд Хь. А., Быф А. Ж., Геккиев З. Д., Джэш В. М., Говоров С. А., Губин Г.С., ГъукІэ А. А., Джатэ Р. Хь., Жанатаев С. А., Зумакулов Б. М., Къанокъуэ А.Б., Къардэн М.Н., Къуэшрокъуэ З. Къ., КІуэкІуэ Ю. А., Къуныжь М. А., Крючков В. Г., Мер Ю. Хъ., Мэлбахъуэ Б.Хь., Маслов Н. А., Пэнагуэ М. А., Родинэ В. С., Сарбашевэ С. М., Сэхъурокъуэ Хь. Хь., Тату К. Б., Ульбашев М. М., Уянаевэ А. М., Федченкэ Л. М., Хьэщхъуэжь А. Б., Хъубий М. Б., Щхьэгуэш А. Л.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакІуэхэмрэ Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ **Ахъуэхъу Таймураз Борис и къуэм** и Іыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ ар дунейм зэрехыжам къыхэкІыу.

Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэ **Ахъуэхъу Таймураз Борис и къуэр** дунейм зэрехыжам теухуа хъыбарыр гущІыхьэ тщыхъуащ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэр Таймураз Борис и къуэм и Іыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ къатепсыха гузэвэгъуэшхуэмкІэ.

Таймураз Борис и къуэр ІэщІагъэлІ нэсу щытащ, жэуаплыныгъэшхуэ хэлъу, и Іуэхум, щалъхуа щІыналъэм яхуэпэжу пэрытащ и ІэнатІэм. Абы и гуапагъэр, цІыхухэм щІэгъэкъуэн яхуэхъуну хьэзыру, дэтхэнэми бзэ щхьэхуэ къахуигъуэтыфу дунейм зэрытетамкІэ къилэжьащ зыхэтхэм, и ныбжьэгъухэмрэ ар зыцІыхуну ди насып кърихьэкІахэмрэ къыхуащІу щыта пщІэр. Дунейпсо Адыгэ Хасэм мыхьэнэшхуэ зиІэу къищтэ унафэхэр сыт щыгъуи къыддиІыгъырт.

Ахъуэхъу Таймураз и фэеплъ нэхур игъащІэкІэ ягу илъынущ абы и Іыхьлыхэм, и лэжьэгъухэм, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ адыгэ щыпсэу къэралхэмрэ щыщхэм.

Дунейпсо Адыгэ Хасэ.

Зэкъуэтыныгъэм Іэмал псори къызэІуех

ЩІалэгъуалэм я гупсысэкІэр зыгъэутхъуэну зи мурадхэм ар яхуэбдэ зэрымыхъунур, лъэпкърэ динкІэ зэхуэмыдэныгъэр зы цІыхур адрейм мамыру щІыдемыкІуэкІыфын щхьэусыгъуэу зэрыщымытыр, диныр гъащІэм фІыкІэ хэпщІэн папщІэ, унафэ зезыгъакІуэхэмрэ дин лэжьакІуэхэмрэ яхузэфІэкІыр - а Іуэхугъуэхэрщ къыщаІэтар КъБКъУ-м къедза «Альтаир» центрым накъыгъэм и 18 - 20-хэм щекІуэкІа, «Урысейр псоми ди зэхуэдэ унэщ» щІалэгъуалэ зэхуэсышхуэм.

ЗЭІУЩІЭ зыбжанэу зэхэта форумым и япэ зэхуэсыр къыщызэІуихым, Іэбу Хьэнифэ и цІэр зезыхьэ ислъам университетым и ректор Шыбзыхъуэ Мурат къыхигъэщащ ар а еджапІэм, Ислъам щэнхабзэм, щІэныгъэм, егъэджэныгъэм зыщІэгъэкъуэнымкІэ фондым, Псыхуабэ дэт къэрал университетым Урысейм щызекІуэ псэкупсэ-щэнгъасэ лъапІэныгъэхэр хъумэнымкІэ и центрым, КъБКъУ-м я зэгурыІуэныгъэкІэ кърахьэжьа Іуэхугъуэу зэрыщытыр. Ислъам университетым и егъэджакІуэхэмрэ еджакІуэхэмрэ, КъБКъУ-м и студентхэр, къуажэ, къалэ жэмыхьэтхэм я лэжьакІуэхэр, къэрал къулыкъущІэхэр кърихьэлІат зэхуэсышхуэм и зэІухыгъуэм. «Дин зэгухьэныгъэхэм Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэнымрэ терроризмэм пэщІэтынымрэ я лъэныкъуэкІэ яхузэфІэкІыр» - а къыхуеджэныгъэм щІэту екІуэкІащ форумым и япэ зэІущІэр.

КъБР-м и Муслъымэн дин ІуэхущІапІэм и унафэщІым къыбгъэдэкІыу, зэхуэсым къеблэгъахэм захуигъэзащ муфтийм и къуэдзэ Отаров Хъызыр. Сыт щыгъуи удихьэхыу зи псалъэр зыухуэ нэхъыжьым КъурІэн Іэятхэр и тегъэщІапІэу, и гупсысэр хьэдисхэмкІэ щІэгъэбыдэжауэ, щІалэгъуалэм ягу къигъэкІыжащ гъащІэр псынщІащэу зэрежэкІыр, гуващІэхами абы и лъэужьым ахэри зэриплъэнур. «Дэтхэнэ къэралми щІэгъэкъуэну иІэр щІалэгъуалэрщ, бегъымбару къагъэкІуа псоми я ужь иувэу гъуэгу захуэр зыубзыхуахэри зи щІалэгъуэ защІэт, ди республикэм щыпсэу лъэпкъхэри дызыщыгугъыр фэращ. «Іуэхугъуитхур къэвгъэщхьэпэ адреитхур къэсын ипэ, - дегъэІуу хьэдисым: щІалэгъуэр - жьыгъэм ипэ къихуэу, узыншагъэр - сымаджэным ипэ къихуэу, мылъкур - тхьэмыщкІэным ипэ къихуэу, зэманыр - хущІэмыхьэныгъэм ипэ къихуэу». Аркъудейр чэнджэщу урикъунщ уи щІалэгъуэм и уасэр къыбгурыІуэн папщІэ», - жиІащ Отаровым.

Урысейм лъэпкъ ІуэхухэмкІэ и къэрал агентствэм ЩІыналъэ зыбжанэ къызэщІэзыубыдэ и управленэм и унафэщІ Лукьянов Сергей мыхьэнэ нэхъыщхьэ зритар къуэкІыпІэ къэралхэм Урысейм мурадыфІхэр къызэрыхуамыІэрщ. Ди къэралым мамыру щызэдэпсэу лъэпкъхэм хуитыныгъэ иратыжыным щІэбэн защІурэ, абыхэм хъыбарегъэщІапІэхэр къагъэщхьэпэ, щІалэгъуалэм я гупсысэкІэр ягъэутхъуэн папщІэ. Иужьрей зэманым ирагъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэм япкъ иткІэ, иджы мыхъумыщІагъэ зезыхьэ зэгухьэныгъэхэм хашэ ныбжьыщІэхэр куэдкІэ нэхъыщІэщ, ипэрей зэманым елъытауэ. Иужьрей илъэситІым я кІуэцІкІэ Урысейм информацэ къебгъэрыкІуэныгъэу кърaщІылІам и бжыгъэм хуэдитІкІэ хэхъуащ. Ди къэралым лъэпкъи 190-рэ щызэдопсэу, бзэ 300-м нэс щызэрахьэ. Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу мы гъэр Президентым зэригъэувам къегъэлъагъуэ абы лъэпкъ куэду дызэрызэхэтым ирит мыхьэнэр зыхуэдизыр. Узэрызэмыщхьыр узэкъуэувэным зэран хуэхъуркъым. Мы илъэсым и закъуэ махуэшхуитІ къыщІыхалъхьари арaщ: Урысейр зи хэку лъэпкъхэм я махуэмрэ Урысейм щызекІуэ лъэпкъыбзэхэм я махуэмрэ».

АдэкІэ псалъэ иратащ КъБР-м лъэпкъ Іуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкІэ и министрым и къалэныр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ Гергоков Жамболэт. Абыи къыхигъэщащ Лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и илъэсым мыхьэнэшхуэ зэриІэр. «Ди республикэм лъэпкъ 80-м нэс щопсэу, дин зэгухьэныгъи 189-рэ щолажьэ. Дэтхэнэ зыми япэ ирагъэщыпхъэр щІэныгъэм зегъэубгъунырщ, сыту жыпІэмэ, Іуэхум хэзыщІыкІыр къыпхуэгъэпцІэнукъым. Аращ нобэ хуэдэу диным хуеджэхэмрэ КъБКъУ-м щІэныгъэ щызэзыгъэгъуэтхэмрэ мы зэІущІэм зэрызэришэлІам дыщІыщыгуфІыкІыр».

КъБКъУ-м и проректор Нэзрэн Беслъэн и гупсысэр мыхьэнэ зимыІэ цІыху лъэпкъ зэрыщымыІэм хуишащ. «Дунейм лъэпкъи 194-рэ тету жаІэ. Зыр адрейм нэхърэ нэхъыфІщ щІыжыпІэн щхьэусыгъуэ щыІэкъым, дэтхэнэ зыми щхьэхуагъэ гуэр бгъэдэлъщ, адрейхэм къахуэсэбэпу. Сэ хуитыныгъэм срителъхьэщ, цІыхум зыхуейр жрагъэІэмэ, нэхъыфІщ. Къэбэрдей-Балъкъэр университетым и бжэр сыт щыгъуи яхузэІухащ зэпсалъэу хэкІыпІэфІхэр къагъуэтыным хущІэкъуухэм. ЩІэныгъэ уиІэным къикІыр уи закъуэ зыгуэр зэбгъэщІэнракъым. Къыббгъэдэс, ппэгъунэгъуу псэу дэтхэнэ зым щхьэкІи жэуап уохь. Аращ зэпсэлъэн, акъылкІэ зэдэгуэшэн щІыхуейр».

Налшык дэт члисэшхуэм и лэжьакІуэ Бобылёв Валентин щІалэгъуалэм защыхуигъазэм, езым зэрихьэ чыристан диным епха щІэныгъэр къигъэщхьэпащ. «Хьисэ лъапІэм цІыху нэхуу фыщыт жиІэу щытащ. Псори къыщригъажьэр Тхьэм фІыщІэ зэрыхуэпщІырщ, щІыхуэпщІын узэрикуэдыр къыбгурыІуэжыным и дежщ. «Уи гум мамырыгъэ щыуххуи, уи хъуреягъкІэ псэу цІыху минхэри къебгъэлынщ», - жеІэ Хьисэ лъапІэм. Адрейхэм зебгъапщэу, сэ абы иІэр щхьэ симыІэрэ щІыжыпІэн щыІэкъым. Зэплъытын хуейр уэ езым уи икІагъымрэ уи фІагъымрэщ. Лъагъуныгъэр уи гъащІэм тепщэ щыпщІмэ, нэхури абы и гъусэу къокІуэлІэнущ. ЩІалэгъуэм Іэмалу иІэр гъунэжщ. Ар щхьэпэу къэбгъэсэбэпыным нэхърэ нэхъ губзыгъагъи щыІэкъым».

КъБР-м щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министрым и къуэдзэ Ахметов Артур щІэныгъэм и мыхьэнэм зригъэубгъуащ. «ЩІэныгъэр цІыхум хъыбар гуэр жепІэжыным деж щиухыркъым, - жиІащ Ахметовым. - ЦІыхум къыгурыІуапхъэр къыгурыбгъэІуэн хуейщ, щІэныгъэ щепткІэ. Иджыпсту ди нэгум щІокІ хъыбарегъэщІапІэхэм щІалэгъуалэр щызэблашын папщІэ, ялъэкІ къызэрамыгъанэм. Къэралым ифІ зезымыхуэхэр куэд мэхъу, абы къыхэкІыу, дэтхэнэ зыми жэуаплыныгъэ ехь и Іэр здынэсхэр мыхъумыщІагъэм щихъумэнымкІэ».

Псыхуабэ дэт къэрал университетым Урысейм щызекІуэ псэкупсэ-щэнгъасэ лъапІэныгъэхэр хъумэнымкІэ и центрым къыбгъэдэкІыу, зэхуэсым къыщыпсэлъащ Осипов Станислав. Мы зэхуэсышхуэр ар къызэзыгъэпэща ІуэхущІапІэ зыбжанэм ягъэхьэзыра проектым и зэфІэхыныгъэу зэрыщытыр къыхигъэщу, егъэджакІуэр убгъуауэ тепсэлъыхьащ езыр щылажьэ центрым зэфІигъэкІхэм. Проектым плъапІэу зыхуегъэувыж лъэпкъ зэкъуэтыныгъэр игъэбыдэныр, тхыдэ напэкІуэцІхэр зэблэзышхэм ар хуамыдэныр, лъэпкъхэр зэпызыщІэ урысыбзэм и мыхьэнэр кІэрамыгъэхуныр, къэралым щызекІуэ динхэм ятеухуа щІэныгъэм гъуэгу етыныр. Я мурадхэм ялъэІэсын папщІэ, кинори, викторинэхэри, фестивалхэри, цІыху цІэрыІуэхэм, дзэ Іуэху хэхам хэта лІыхъужьхэм яІущІэнри къагъэщхьэпэ.

Ректор Шыбзыхъуэ Мурат и къэпсэлъэныгъэр нэхъыбэу зытеухуауэ щытар Урысейм ит еджапІэ нэхъыщхьэхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэмрэ я еджакІуэхэм ират щІэныгъэмрэщ. ЕгъэджакІуэхэм я фІыгъэщ щІалэгъуалэм диным теухуауэ гупсысэ щхьэпэ зэраІэрыхьэр. «Нэхъыщхьэращи, дэ сыт щыгъуи япэ идогъэщ псори Урысей къэралым дызэрыщыщыр, абы дрицІыхуу зыкъызэрытлъытэжыр, пэрыуэгъу димыІэу дызыхуей псоми ди къэралым дызэрыщылъэІэсыр. Мы дызытепсэлъыхь Іуэхугъуэхэм махуэ къэс фытопсэлъыхь, дедэІуэжыфыркъым жыфІэнкІи хъунущ, ауэ зэпымыууэ зи гугъу пщІын хуей Іуэхухэри щыІэщ, я мыхьэнэр зэрыиным къыхэкІыу, - жиІащ ректорым. - Япэу къеха КъурІэн Іэятыр къызэрыщІидзэр «Къеджэ» псалъэрщ. Аркъудейм къегъэлъагъуэ муслъымэн диныр щІэныгъэм и телъхьэу зэрыщытыр». Ныкъусаныгъэхэм я гугъу щищІым, Шыбзыхъуэм къыхигъэщащ лэжьакІуэхэр къазэремэщІэкІыр, диныр цІыхубэ гъащІэм хэпщІа зэрыхъум иджыри арэзы укъызэримыщІыр. «Мыр Іимамхэм я закъуэкъым зи къалэныр. Ислъам щІэныгъэм зиузэщІыху, езы къэралми зэрызиужьынум, ар плъапІэ жыжьэхэм яхуэлажьэу зэрыщытым гу лъыдмытэу хъунукъым».

Псыхуабэ дэт университетым Ислъам щІэныгъэм зегъэубгъунымкІэ и центрым и унафэщІ Магомедов Магомедсаид и къэпсэлъэныгъэр ислъам диным адрей цІыхухэм фІыкІэ уадекІуэкІыным узэрытригъэгушхуэм ирипхащ. Дин зепхьэным цІыхухэм защыбдзеинуи, абыхэм япэІэщІэ зыпщІынуи къикІыркъым. «Мухьэмэд бегъымбару щэлатрэ сэламрэ зэхам «Мадинэ къалэм и конституцэ» къызэригъэпэщауэ щытащ, цІыхубэ гъащІэр мамыру зэтеубла хъун папщІэ. Муслъымэныгъэр къызэрежьэрэ дин зэкъуэшыныгъэр япэ ирегъэщ. Алыхьталэм и арэзыныгъэр къэплъыхъуэу пщІэ псори къыщежьэр уи унагъуэрщ. Уи унэм щІэсхэм я хьэкъым ухуэсакъмэ, уэ езым къыптехуэр пщІэжмэ, ар къэралми лъэІэсынущ, цІыхубэми зауэжынущ. Ислъам диныр къежьэн ипэ щыІа зэманыр лъэпкъ зэгурымыІуэныгъэм и тхыдэщ. Дэ ди дин зехьэкІэм и лъабжьэр зэкъуэтыныгъэрщ», - жиІащ Магомедовым.

Зэхуэсышхуэм къищта резолюцэм тегъэщІапІэ ищІащ дызэрыт гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу зэрыщытыр. «ЕгъэджакІуэхэм, дин зэгухьэныгъэхэм я лэжьакІуэхэм папщІэ курс щхьэхуэхэр къызэрагъэпэщыныр тфІэигъуэщ, Урысейм щызекІуэ псэкупсэ-щэнгъасэ лъапІэныгъэхэм я мыхьэнэр щІагъэбыдэн папщІэ, - дыкъыщоджэ резолюцэм. - БзэкІэ, лъэпкъкІэ, динкІэ зэщхьэщыкІыныгъэр Урысейр зыгъэдахэ, нэхъ лъэщ зыщІ къаруэ зэрыщытымкІэ форумым къекІуэлІахэр зэакъылэгъу хъуащ. Абы и щапхъэщ дзэ Іуэху хэхам нобэ щытлъагъур: динкІи бзэкІи зэтемыхуэ щхьэкІэ къэмынэу, ди зауэлІхэм зэкъуэту къэралым и мурадхэр ягъэзащІэ».

ЗэрыжытІауэ, зи гугъу тщІы зэхуэсышхуэр махуищкІэ екІуэкІащ. Абы къыщаІэта Іуэхугъуэхэм нэхъ кууэ хэгъуэзэну хуейхэм Муслъымэн дин ІуэхущІапІэмрэ Ислъам университетымрэ я интернет хэщІапІэхэр къагъэщхьэпэфынущ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакІуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым Республикэм-кІэ и Советым и етІуанэ зэхуэсыгъуэм и депутату щыта **ЛІыхэс Заурбий Къасым и къуэм** и Іыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ ар дунейм зэрехыжам къыхэкІыу.

Дунейм щыхъыбархэр

ЗыужьыныгъэфІхэр

Урысеймрэ Узбекистанымрэ я Президентхэу Путин Владимиррэ Мирзиеев Шавкатрэ къэралитІым - Москварэ Ташкентрэ - яку дэлъ зэхущытыкІэхэм я гугъу ящІу телефонкІэ зэпсэлъащ.

ПСАЛЪЭМАКЪЫМ къыхэщащ унэтІыныгъэ зэхуэмыдэхэмкІэ зыужьыныгъэфІхэр яІэу лъэныкъуитІыр зэрызэдэлажьэр. КъищынэмщІауэ, промышленностымкІэ, энергетикэмкІэ, логистикэмкІэ зэгъусэу ягъэзащІэ проекттхэм, адэкІэ я зэпыщІэныгъэм къыпызыщэну Іуэхухэм тепсэлъыхьащ къэралитІым я УнафэщІхэр.

Апхуэдэу Урысейм и Президентым къыхигъэщащ Узбекистаным тхыдэ щІэиныр хъумэным гулъытэшхуэ зэрыщыхуащІыр, абы и лъэныкъуэкІэ лэжьыгъэ щхьэпэхэр зэрырагъэкІуэкІыр. Абы къыпэджэжу Мирзиеев Шавкат жиІащ ар дэтхэнэ зы лъэпкъми и пщІэр зыхъумэ Іуэхуу зэрыщытыр.

Унафэу 168-рэ

УФ-м и Къэрал Думэм и УнафэщІ Володин Вячеслав «Россия 24» телеканалым и журналист Литовкэ Наталье дригъэкІуэкІа псалъэмакъым къыщыхигъэщащ депутатхэм я лэжьыгъэр зэраубзыхур. Япэ ирагъэщыр цІыхухэр нэхъыбэу зыпэплъэ унафэхэрщ.

«ІУЭХУ нэхъыщхьэхэр нэхъапэкІэ зэхэдгъэкІауэ щытщи, абы дытету лэжьыгъэр идогъэкІуэкІ, - жиІащ абы. - Гулъытэ нэхъ зыхуэтщІхэм ящыщщ дзэ Іуэху хэхам хэтхэр дэІыгъыным и лъэныкъуэкІэ къэув упщІэхэр».

Володин Вячеслав жиІащ тхьэмахуэ кІуам дзэ Іуэху хэхам хэтхэм хуащІэ дэІэпыкъуныгъэхэм хэгъэхъуэным и ІуэхукІэ хабзэр и лъабжьэу къыхалъхьа жэрдэмиплІым зэрыхэплъар.

НОБЭ

♦**Химикым и махуэщ**
♦**Урысей хьэрычэтыщІэм и махуэщ**
♦**Урысей шууейм и махуэщ**
♦**1985 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академиер (КъБКъМА-р) къызэІуахащ. Иджы ар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетщ.
♦**1928 гъэм** къалъхуащ филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щэрдан Іэбу**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градус 12 - 14 щыхъунущ.

Къытхэхъуащ

Дыгъуасэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуащ сабий 19. Абыхэм ящыщу 13-р хъыджэбз цІыкІущ, 6-р щІалэщ.

Накъыгъэм зэрыщІидзэрэ щІыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 540-рэ, илъэсым и пэщІэдзэм щегъэжьауэ 3543-рэ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ЩІэр жьы мэхъури, жьыр щІэ хъужыркъым.

Ислъамым и нур

Пл1анэпэр зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Марианнэщ.**

Хьидышхуэм фIы къытхудэкIуэну!

Псапэ нэщIкIэ мыслъымэнхэр зыпежьэ Арэфат махуэм хуэзэщ ди нобэрей къудэкIыгъуэр. Щы зыгурэIм тет мыслъымэну хъуам пщэдей пстэури Къурмэн Хьидым инэ къикуэ жещIыжу, зэрыпхуэзэфIэкIкIэ псапэ лэжьыгъэкIэ епхьэкIынри фIыгъуэ къызыпэкIуэнуэм ящыщщ.

МУХЬЭМЭД Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам инхъу ФатIимэ и цIэкIэ къурмэн щиукIым, мыр жиIауэ къалуэтэж: «Къэувыи, уи къурмэным епIэ. Пэжраци, абы и япэ лъы тхуэпсыр къызэрижу, зы гуэныхь къыптемыпсу птеклыжыныщ. УмыщIэу ара мы псэущхьэм илри иIуэри 70-кIэ нэхъ хьэпэ хъуэу Кьемэт Махуэм къигъэзэжу, уи тэрэзэм зрегъуралъхьэнур?»

«Ар зэхъуIэныр Мухьэмэд и унагъуэм и закъуэ? - щIэупщIащ абдежым щыт Iэл Хьудри Iэбу Сэхьид. – Арамэ, фэ ар къэвлэжьакIэ! Хьэмэ Мухьэмэд и унагъуэм и гъусэу, адрейхэми яIыгъыну а фIыгъэр?»

«Мухьэмэд и унагъуэм адрейхэми», - кърагащ жэуап щэлатырэ сэламырэ зэхам.

Диным епха дауздапщэхэм я нэхъ лъапIэщ Къурмэн Хьидым хуэзэу хьэж зэращIри Iэщ зэрауклри. Ахэр хабзэ хъуныр Иврэхьимбегъымбарымрэ абы и хъуэ Исмэхьил-бегъымбарымрэ я гъащIэм зэрепхам къыхэкIыу, гъэ къэс дэ дгуи къыдогъэкIыжкIэ фIэщхъуныгъэр гум щыIыгъэбыдэ зэадзэзэкъуэм ятеухуа хъыбарэр. Алыхьталэм Иврэхьим лъапIэм и фIэщхъуныгъэр игъэунэхун папащIэ, Исмэхьил къурмэн ищIыну унафэ хъыIэрыхуищIар абыхэм нэхъ кьахэщу щытми, дэ тфIэфу щыгъуазэ зыдощI а тIум Чабэр зэрауха щIыкIэми, иужькIэ хьэжым и Iыхьэ хъужа, Исмэхьил и анэ Хьэджэр и сабийр къригъэIын папщIэ, Сэфуэрэ Мэрэрэ я зэхуакум къызэрыщижыхьари. И къуэр зэрылIэм емыплъын щхьэкIэ ар и пIэм щIимыгъэгъэ. И анэм шэ игъуэтыжьын хуэдэу, Зэм-Зэм лъапIэр къызыхуIидза, иджы илъэс 13-м нэса а сабий дыдэрат къурмэн ящIын хуейр.

Алыхьталэм и арэзынигъэр къэзылъыхъуэ Цыхуэр зэи гугъуехьынщэ хъурэкъым. Ауэ и Тхьэм фIэщ быдзкIэ бгъэдэтым фIыкIэ зэриIутэжыным шэч закъуэи хэлъкъым. Арагъэнщ къурмэн дауздапщэхэм нэхъыбэу дызрагъэгупсысыр.

Мыбдежым Исмэхьил и цIэр нэхъ къыщыхэзгъэщми, еэзы Иврэхьимми и ныбжьыщIэгъуэм мафIэм хадзауэ щытащ. Алыхьыр зэригъэзакъуэр хуамылдэу. Ар зыщIа цIыхуэгъэ апхуэдизкIэ зэакъылэгъуэти, уеблэмэ сабий зыщIэмыхъуэ бзыпхъугъэхэми Иврэхьим зыхадза мафIэм пхъэ пэралъхьэмэ, щIэблэ ягъэтыну гугъэрт. Иврэхьим имысыну мафIэм унафэ хуэзыщIа Алыхь дыдэрщ сэ жаным Исмэхьил и пщэр пимыупщIыну жезыIари.

ФIэщхъуныгъэр пхъумэныр зэрымызэшетыгъуэр хэзгъэ пщIэщ Къурэн Хьидым и тхыдэм. КъурIэн лъапIэм и псалъэхэ жьиIэмэ, «Гугъуехьым тыншыгъуэ къызэрыдэкIуэнур» уигу илъу упсэунми утрегъэгушхуэ.

ФIы и лъэныкъуэкIэ къахощ

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым Правэмкlэ, экономикэмрэ финансхэмкIэ и институтым и еджакIуэхэр хэтащ икIи текIуэныгъэхэр щызыIэрагъэхьащ Кавказ инвестиционнэ форум-2026-м (КИФ).

АБы щызэхуэсащ унэтlакIуэхэр, «Кадры для международного предпринимательства и экспорт образования» проектым и куратор-хэр, Урысей Илъэсым и экономикэ утыку ны-хъыщхьэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIэр ину щызыгъэIуа студентхэр.

Минеральные Воды къалэм «Росконгресс» фондым къыщызэригъэпэща форумыр федеральнэ мыхьэнэ зиIэ зэхыхьэт. Абы ди университетым и институтым егъэджэныгъэр, щIэныгъэр, зэхэрычэт Iуэхур зэрызэпхар, зэрызэдагъэлажьэм и Iэмалхэр утыку къыщырихьэфащ. ЩIалэгъуалэм яхуэхоа махуэм нэхъыщхьэу зытепсэлъыхьар щIынальэм и хьэрычэт Iуэху щIэкIэм, щытыкIэм зэманым зэрызыдихьуэжырц.

ИПЭиФ-м и унафэщI Мэшыкъуэ Еленэ къыхигъэщхьэхукIащ щIалэгъуалэм къыщIэлъ-гъэкIыр ящэфу зрагъэзэнымкIэ апхуэдэ Iуэхухэм яIэ мыхьэнэр.

«КИФ-м фыхэтмэ, федеральнэ утыкум университетым и лIыкIуэ фыщохъу. Ди гупым щIэныгъэлъагъуэ мы Iуэхум фIыуэ зэрыхуагъэхьэзырырмрэ пIэпощъэпохэр къызэрэнкIыу лъагапIэхэм зэрынэсыфырэ. КъБКъУ-р сыт щыгъуи гъуазэ фхуэхъуныщ фи жэрдэмхэм гъузгу ягъэтын, утыкухуэхэм мафхэн папщIэ», - къыхигъэщащ Мэшыкъуэ Еленэ.

КИФ 2026-м кърикIуэхэм япкъ иткIэ институтым и студентхэм зэпеуэ зыбжанэм бжьыпэр щаубыдащ.

«Биз.Квиз: гупсысэхэм я щIыналъэ» унэтIыныгъэми япэ увыпIэр къыщIэкIыжьа, КъБКъУ-м и студент-экономистхэм гуп зэхэзэхуэм хъэрэкъэрэгъэхэм Iэмал къыщыхуагъэзнакъым. ЩIыхь тхылъхэмрэ кубкэр къыхуагъэфэщащ Мышъхьэжь Темболэт, Чэрим Алинэ, Доткъуэ Саидэ, Шыбзыхъуэ Инал, Мэрэзей Астемыр, ГъукIэ Астемыр, Шыбзыхъуэ Алисэ, Сыжкажэ Олег сымэ. Щхьэзакъуэ зэпеуэм фIы дыдэу зыкъыщигъэлъэгъуащ Джапуевэ Залинэ.

«Экономикэ щхьэнтIэ» унэтIыныгъэм етIуанэ увыпIэр къыщахьащ «ЭкоКавказ АгроХаб» проектым елэжьа «Горный градиент» гупым. КъБР-м и фермер цыкIуэхэм къыщагъэкIэр щащэн щIыпIэхэр къызэгъэпэщыным техуауэ Iэщlагъэлэ ныбжьыщIэхэм къыхалъхьар ягу дыхьащ къэпщытакIуэхэм. Абы елэжьащ Мэрзей Астемыр, ГъукIэ Астемыр, Чыл Къантемыр, Бауаевэ Алинэ, Узденовэ Камиллэ, Сыжкажэ Олег.

«IT-р - щэнхабзэм папщIэ» унэтIыныгъэм ещанэ увыпIэр щызыIэрагъэхьащ «Точка роста Кавказа» стартапхэм я зэпеуэм «Код Кавказа. Живая история» лэжьыгъэр щызыгъэлъэгъуа «Лаборатория наследия» гупым. Абы елэжьащ Шыбзыхъуэ Иналрэ Шыбзыхъуэ Алисэрэ.

Зэпеуэм и финалым кIуащ: «Миллер» гупым (Къэрдэн Мадинэ, Гяккиева Джамилэ, ЗекIуэрей Иннэ) и «Ин Суу» проектыр, Мышъхьэжь Темболэт и«Этнодеревня и экотуризм» проект щхьэзэщ.

«Ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ студентхэм я проектхэр апхуэдэ утыкушхуэм зэрыщагъэлъэгъуэфым, - къыхигъащIа Экономикэмкlэ кафедрэм и егъэджакIуэ нэхъыжь Абанковэ Эммэ. - Мыбдежым абыхэм я лэжьыгъэхэр щалъагIэу Iэщlагъэлъхэм, владастым и лIыкIуэхэм, щIэныгъэлъхэм, федеральнэ мардэм къытласэ зэпыщIэныгъэ ягъуэт. ЩIалэхэр фIы дыдэу пэлъэщащ: институтыр фIы и лъэныкъуэкIэ утыку кърахьэ къудейкIым, атIэ теориер хъэрычэт Iуэху нэрыльагъу хъунымкIэ проектхэр зэращIыфри наIуэ къащIащ. Гуапэщ къэпщытакIуэ гупым студентхэм я лэжьыгъэм и кууагъэр, къэхутэныгъэхэм я щхьэпагъэр, ди гупэкIэ фIыуэ зэрылэжьар къызэрыкIощIар».

Форумым хэтэ псори ирагъэблэгъащ Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академиим хэт, профессор Клейнер Георгий и унафэм щIэт, Системэ анализымрэ прогнозированэмкIэ центрым щеджэну.

IэРЫС Iэсият.

Муслъымэнхэм я шхэкIэр

ЦIыхум и узыншагъэр зэтезыкъутэ узыфэхэм я нэхъыбэр къызэхэкIыр лъатэм зыкъин куэдыгъэ зэрыкIуэрауэ хуагъэфащэ щIэныгъэлIхэм.

ЗЭГУЭРЫМ Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам Мысыр пащтыхьым тхыгъэ хуигъэхьати, модрейм жэуап къыщиритыжьым, тыгъэ зыбжанэ къыдыщIигъащ: дохутыр, Iэпыдзлъэпыдз хъуну цIыхуб, дохутыр. Бегъымбар лъапIэ щэлатымрэ сэламымрэ зэхам тыгъэр къэзыгъэхьами къэзыхьами фIыщIэ яхуищIри, жиIащ: «Iэпыдзлъэпыдз дыхуейщ, хьэщIэхэр зыхуей хэдгъэзэн папщIэ. Шыдым хьэлъэ къредгъэшэкIынщ. Ауэ дохутыр дыхуэныкъуэкъым».

Арщхьэкlэ дохутырым кIуэжын идакъым, и пащтыхьым апхуэдэ унафэ къызэрыхуищIам къыкъэкIыу. Апхуэдэу щыхъум, узэрыхуейм хуэдизрэ щыIэ жраIэри, ар зэман хъарзынэкIэ мыслъымэнхэм къахэнащ. Махуэ гуэрым дохутырыр Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам деж кIуэри, жриIащ: «Илъэс хъуэуэ сывдопсэури, и узыншагъэм тхэпIэ зы цIыху къызбгъэдыхьэу къысхуэтхьэусыхакъым. Уеблэмэ си щхьэр, си дзэр е си лъатэр мэуз зыми къызэкIакъым».

«Абы и щхьэусыгъэр мыращ, - жиIащ Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам. - Ахэр мымэжэлIауэ шхэну зэи тIысыркъым, щышхэкIи ирагъэлейкрыхьу, сыт щыгъуи лъатэм и Iыхьэ гуэр нэщIу къагъанэ».

«Уэахэущ, - жиIащ дохутырым, - апхуэдэу фIэкIа умышхэмэ, зэи уз къоуэлIэнукъым».

Мэкъуэуэгъуэм и нэмэз щIыгъуэхэр

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыкъуэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, блыщхьэ	02.41	04.27	12.14	16.17	19.42	21.26
2, гъубж	02.40	04.26	12.14	16.17	19.43	21.27
3, бэрэжьей	02.40	04.26	12.14	16.17	19.44	21.29
4, махуэку	02.39	04.25	12.15	16.17	19.45	21.30
5, мэрем	02.38	04.25	12.15	16.18	19.45	21.30
6, щэбэт	02.38	04.25	12.15	16.19	19.46	21.32
7, тхьэмахуэ	02.37	04.24	12.15	16.19	19.47	21.34
8, блыщхьэ	02.37	04.24	12.15	16.19	19.47	21.34
9, гъубж	02.36	04.24	12.15	16.19	19.48	21.36
10, бэрэжьей	02.36	04.24	12.16	16.19	19.48	21.36
11, махуэку	02.35	04.24	12.16	16.19	19.49	21.38
12, мэрем	02.35	04.24	12.16	16.20	19.49	21.38
13, щэбэт	02.34	04.23	12.16	16.20	19.50	21.40
14, тхьэмахуэ	02.34	04.23	12.17	16.20	19.50	21.40
15, блыщхьэ	02.34	04.23	12.17	16.20	19.51	21.41
16, гъубж	02.34	04.23	12.17	16.21	19.51	21.41
17, бэрэжьей	02.35	04.24	12.17	16.21	19.52	21.42
18, махуэку	02.35	04.24	12.17	16.21	19.52	21.42
19, мэрем	02.35	04.24	12.17	16.21	19.52	21.42
20, щэбэт	02.35	04.24	12.18	16.22	19.52	21.42
21, тхьэмахуэ	02.36	04.24	12.18	16.22	19.53	21.43
22, блыщхьэ	02.36	04.24	12.18	16.22	19.53	21.43
23, гъубж	02.37	04.25	12.19	16.22	19.53	21.43
24, бэрэжьей	02.37	04.25	12.19	16.22	19.53	21.43
25, махуэку	02.37	04.25	12.19	16.23	19.53	21.43
26, мэрем	02.38	04.26	12.19	16.23	19.53	21.43
27, щэбэт	02.38	04.26	12.19	16.23	19.53	21.43
28, тхьэмахуэ	02.39	04.27	12.20	16.23	19.53	21.43
29, блыщхьэ	02.40	04.27	12.20	16.23	19.53	21.43
30, гъубж	02.41	04.28	12.20	16.23	19.53	21.43

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я Iуэхущ1апIэм къыдитащ.

Хэт «цIыху пэжкIэ» узэджэ хъунур?

Ди къыдэкIыгъуэхэм щIэх-щIэхыу зи хъуг1бэхэр къытедзэ, Шэджэм Етlуанэм дэт мэжджытым и Iимам Хъэкlуэн Арсен топсэлъыхь «цIыху пэж» жыхуаIэр зищIысымрэ апхуэдэ узэрыхъунымрэ.

ЦIыхум хьэл нэхъ дахэу зыхилъхьэфынухэм ящщ пэжагъыр. Ар цIыхур здынэсыфыну лъагапIэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ. Пэжагъымрэгъуэгъэрэгъуэгъэ махуэм теуващ. А гъуэгум хэт текIуэ щытми, апхуэдэри щIыхуплъэ хуэкIуэу аращ. ПэжагъыпщI мунафикъ фэрыщIыпмрэ Iиман зиIэмрэ зэрызэхагъэхьэкIыр. ПэжагъыпщI зэрызэхэкIынрэ жэнэтым кIуэнумрэ жыхьэнмэ мафIэм хыхьэнумрэ.

Алыхьталэм и Къурэным щыжиIэ: «Уэ Иман къэзыхьэ! Алыхьым цIыщIищыни, пэжыр жызыIэхэм фIэкIа фаримыгъусэ». НэгъуэщI щIыпIэ дежи дыщыхуозэ: «Ахэр Алыхьым пэжу бгъэдэтамэ, езыхэм я дежкIэ нэхъыфIт». Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам и псалъэу Ибн Мэсхуд къеIуэтэж: «Шэч зыхэмылъращи, пэжым узыхуишэр фIыщ. ФIым узыхуишэри жэнэтращ. ЦIыхум пэж фIэкIэ жимыIэн щIедзэри, Алыхьым и пащхьэм «сиддикъ», «цIыху пэж» цIэр цIегъуэт. ПщIыми узыхуишэр гуэныхьэщ. Гуэныхьым узыхуишэр мафIэщ. ЦIыхум пщIы иупсын щIидзэу щытмэ, пщIы иупсым-иупсурэ, апхуэдэ цIыхур Алыхьталэм и деж пщIыупсу щытх».

Мыслъымэнхэр пэжым дытетыныр мы диным дыкъызыхуриджэ хьэл нэхъ дахэхэм ящыщщ. МащIэми куэдми, ди гъащIэм сытым дежи пэжагъыр къыщытхэщын куэйуэ щытщ. Пэжагъыр зищIысыр пэжыр жыIэн куэдейр арэкъым. «ЦIыху пэж» жыхуаIэр и псэлъэкIэкIи, и Iузыу щIэкIэкIи, и щытыкIэкIи пэжу щытыщ. ЦIыху пэжщ зызыхуаIэр Абдул Уахьид ибн Зейд къигъэлъэгъуащ: «ЦIыху пэжыр Алыхьым папщIэ ита псалъэм пэжу тетыжырщ». Ибн КъэйимрэТхьэлъмэ щыжиIэ: «Пэжагъыр щIэзу зэтетщ. Япэр - уи псэлъэкIэрщ, етIуанэр - уи пэжыкIэрщ, ещанэр - уи щытыкIэрщ». ПсэлъэкIэм хохьэ цIыхум сытым дежи и жьэм пэж къэкъвэдэкIынкIэ. Ар зыгуэрым пхуегъэщхьэну щытмэ, гуэдзым щхьэмыжьыр къэщIидзидзым деж, захуабзэу зэхъэрыдэкIым хуэдэщ. ЕтIуанэр цIыхур и Iузыу щIэкIэкIэ, и пэжыгъэкIэ пэжагъым тетынырщ. Алыхьталэм цIыхум къэхуищIа унафэхэм ящ и къалэнхэр пэжу игъэзэщIэныр. ЦIыхум и Iэпкъльэпкъымкlэ щIэныгъэ хуэдэщ. ЕтIуанэр - и Iузыу щIэкIэкIэ. И гум илъымкIи, нафIэу и IэпкъльэпкъымкIэ къигъэлъагъэ-ми ар къэхъщынырщ.

Си къуэш лъапIэхэ! Нобэ пэжагъ зыхэлъхэм дахуэныкъуэ жыпIэмэ, хуабжу дахуэныкъуэщ. Дахуэныкъуэщ пэжым теухуауэ пашэ тхуэзыбунухэм, щапхъэ зыхетхынухэм. Мусылымхэм ди Iузыр апхуэдэ гуэрым нэса иужькIэ, дэ сытым дежи зызэхуэзэжкIэ, щапхъэ я къызэрытехын дИэщ. Псалъэм папщIэ, щэхьабэхэм я гъащIэм уриплъэжмэ, пэжагъым теухуауэ куэд щыIгъуэ-тынущ. «Ахэр Алыхьталэм иузэщIащи, мис абыхэм я гъэ-гум фрикIуэ, абыхэм факIэлъыкIуэ», - щIыжиIэр аращ Алыхьталэм.

Щэхьабэхэм диныр пэжкIэ къащтэри, Алыхьымрэ Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхамрэ евэлIат. Абыхэм яхэлъа пэжагъыми хуэдэ зэман блэкIам ущыпльэ-хъуэми, щумыгъэгъуэну апхуэдэщ. И Иманкlи, я Iузыщ1экIэкIи, я щытыкIэкIи.

Щапхъэ жыпIэмэ, щапхъэхъэ ахэр Къурэным зэрыхущы-ту щытар. Ахэр ауэ сытми Къурэным еджэу аратэкъым, жащым уафэмэ вагъуэхэр зэрыщIыпIым хуэдэу, Алыхьталэм и псалъэхэр я жэм жьэдэпIу, жаIэм къыхащу ар апхуэдэт. Къеджэ къудей мыхъуу, а къызэджам ирилэжьэну, ар хъэл щIыну, зыхалъхьэну хуежьэхэрт. Ахэр КъурIэн щеджэм деж, мыр зыхуэгъэзар, Алыхьыр зэпсалъэр сэращ жаIэу апхуэдэт. «Уа Иман къэзыхьэхэ» жаIэжу, я тхэкIумэр тегъэзыхуэу едаIуэжрт. «Иджыпсту Алыхьым зыкъыслъэгъэ-зэ, унафэ гуэр къыслъхуIыну, мыр лэжь е мыр къэгъэ-нэжын, зыщIэу егупсысэрт.

Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам я гъэсэ-гу, мыслъымэнхэр зэгуэрым къэзэуат гуэрым къикIыжкэрт. Жэщу къуэкIий зэв гуэрым деж дыхьэхэщ. Бийр и гупэмкIэ фIэкIа къабгъэдыхьэфынутэкъым. ПIыкIуэ лъапIэм щэхьабэхэм захуигъэзэрэ жиIащ: «Хэт ныжэбэ плъырынур? Хэт дыхьэхуэнур?» - «Дэ сфытхуэмэщ», - жаIащ абыхэм яхэт Хьэбэдрэ Хьэмадрэ. Арати, а тIур къуэкIий дыхьэпIэм деж увахэщ. ТIури нэху цIыху дыщысыфынкъым, аращи, зыр жэщым и япэ Iыхьэм ирежей, адрейр етIуанэ Iыхьэм жеинщ, жаIэу щызэгурыIуэм, япэу жеинур зэхагъэкIын хуейт хъуащ. «Сэ язи сыжеинщ, - жиIащ Хьэммар, - уэ иджыпсту кIуэи плъыр». Арати, Хьэббад къуэкIий дыхьэпIэм деж мэувыри, и зэманыр пщIэнтIэу имыгъэкIуэн щхьэкIэ, нэмэз ишIу щIедзэ. «Кэхъф» - сурэм къеджэ-ну щIэт ар, и псэр етауэ. Бийхэм яэхъэзым нэмэзым тет Хьэббад къызэ-рирIэгъуэ, мусылъымэнхэр абдежым зэрыдэсри къыгурыIуащ. И шабзэшэр зэIуидзэщ, Хьэббад тригъапсэри еуащ. Модрейми ар техуащ. Арщхьэкlэ и нэмэзыр зэпимыгъэ-уэ, шабзэшэр къыхичыежри, адэкIэ пищащ. ЕтIуанэуи, ещанэуи къуэурэ, тIуми къытохуэ. Ещанэ уIагъэм хьэлъэ ищIауэ, лъышхуэ зыщIэкI Хьэббад кIуэри и гъусэр къигъэ-щащ. «Япэ шэр къыщыптехуам щхьэ сыкъыумыгъэушэрэ?» - жиIэу, Хьэммар къыщыщылъэтым, мыр жэуапу къритащ: «Сэ зы сурэ сыкъеджэрти, абы сыкъызэрыхэкIын, ар зэрызэпызгъэуэн къэру мы дунейм щызгъэутакъым. Бегъымбарым къуэкIийр схъумэну унафэ къыскуищIауэ щымытамэ, а нэмэзым сытету сылIам нэхъ къэсщтэнут».

Си къуэш лъапIэхэ! А щэхьабэхэр зэджа КъурIэныр нобэ дэри тIэщIэлъщ. Дэри абы доджэ. Ауэ абыхэм дэрэ ди Iимankи ди КъурIэн еджэкIэкIи КъуэкIыпIэмрэ КъухьэпIэмрэ зэрызэпэIэщIэм хуэдэу, дызэпэжыжьэщ. Дэ КъурIэн деджену нобэ дытIысамэ, телефонкIэ къыдбгъэдэмылъу хъунукъым. Абы зы хъэбар кIапэ кърагъэхьамэ, ди едэжнэр зэрыдэу араш. Зы бапльыкIэ дыхэкIыжьым хуэдэу, занщIэу деджэн хуейщ. Хьэббад шабзэшэкIэ щэ къеуарэ пэт, и нэмэзыпIэ къэтекIакъым. Уеблэмэ къыхэщIыкIакъым, къыхичыжурэ и нэмэзыр пищэжащ. Аллахьу Акбэр! Мис араш пэжагъ хъужыр. Ахэр апхуэдэ щIыкIэкIэ КъурIэным бгъэдэтуи щытащ, итыр зрагъэзэщIэныи и ужь ихтэу.

ЩIэныгъэлIыр зэрагъэукIытар

Ислъамым и тхыдэм зи цIэр къыхэлыдыкI цIыхушхуэхэм ятетхыхьа Аттар Алауддин и «Хъыбархэм» Басри Хьэсэн щIэныгъэлIыгъуэ къыбар гъэщIэгъуэн хуэд ущроихьэлI.

ХЬЭСЭН апхуэдизкIэ шыIэныгъэшхуэ хэлъти, адрей цIыхухэм къэзгъэ нэхъ мыкъэнэщIэу зыкъыпытэжырт. ЗэгурыIэм Дамаск пхъэкIэ и Iуфэм абы щIалэ гуэрым цIыхубзэ Iусу къэпльэгъащ, я пащхьэм шагъыр птуплъэ иту. «Еуей, мыгъуэ! - егупсысащ Хьэсэн. - КIуэдащ мы щIалэр! Сэ схуэдами, сыт хъунт!»

Асыхьэтым псыежэжьи и щIыIум кхъуафэжьей тету къаIэтуащ. Гу лъыптэу, ар псым щIэтIысыкIырт, исхэр зэритхэлэнуи шэч хэмылэу. Псы Iуфэм Iуса щIалэр къыщылъэтщ, псым зыхидзэри, кхъуафэжьейм иса цIыхублым щыщу хэгъэгум къэзгъэлащ. ИтIани Хьэсэн дежкIэ зыкъэзгъэзэри жиIащ: «Сэ нэхъ зэ ущынэхъ пьагэкIэ, еуэ, еблэнэр къыхэкыж. Абы щыгъуэми, сэ хэлъкъым зэ къебгъэлынур зы цIыху закъуэщ». Хьэсэн ари хэзгъэIэкIынутэкъым.

Тэлай дэкIа нэужь, щIалэм Хьэсэн зыкъэкъуэгъазэ ар-гуэру: «Зиусхэн! Мы цIыхуб зызгъэIэзэсэри си анэрщ. Мы птулъкIэм итыр псыщ. Мы теплъэгъуэр уэ уагъэунэжун папщIэ къэгъэхъуауэ аращ». Абдежым Хьэсэн лъэгуажьэмыщIкъэу зридзыхри, щIалэм елъэIуащ: «ЦIыхуихьэр къебгъэлакIэщ! КъхьIэ, иджы сэ пагагъымрэ сы-къызыбгIэщыжынымрэ сыкъбгъэпI!» «Алыхьым къыпхуищIэ уи лъэIур!» - къыжрIащ щIалэм. Хьэсэн тхьапIэу зэрыла-хар зыхихщIащ. Абдеж щыщIэдзауэ, ар апхуэдизкIэ зэпIэзэрыт хъуати, хьэ хьэулей къиIьагъумэ, мыхэр жиIэрт: «Алыхьу си Тхьэ! КъхьIэ, мы хьэ угъурлым и хьэтыркIэ Уи пщIылъ сыкъэлъытэ!»

Къарурзыхэлъыр

КъБКъУ-м и «Альтаир» студент центрым щекIуэкIащ «Лъэпкъхэмрэкъарур - я зэныбжьэгъугъэр» форумыр. Ар хэгъэпсат Урысейм и лъэпкъхэмрэ я зэкъуэтыныгъэм и илъэсыкIэ. Студенти 100-м щIигъу КъБКъУ-м Дунейпсо егъэджэныгъэмкIэ и еджапIэ нэхъыщхьэм щеджэ, къэрал 34-м я лIыкIуэхэри хэту, щIызэхуэса зэIуищIэм щытепсэлъыхьащ тхыдэ фэеплъыр хъумэным, лъэпкъхэм я щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэным, цIыхухэм я зэкъуэтыныгъэр къэгъэлъагъуэным теухуауэ щIалэгъуалэм я пщэ къыдэхуэхэм.

КъЫЗЭХУЭСАХЭМ псалъэгъэпсэ гуапэкIэ захуигъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъ Iузхуэзмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Гергоков Джамбулат. Абы и гугъу ищIащ тхыдэр хъумэным ехьэлIа щхьэхуэныгъэхэм икIи къигъэлъэгъуащ лъэпкъ зэпсэлъэныгъэр, зэпыщIэныгъэр гъэбыдэныкIэ студентхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр.

- Дэтхэнэ лъэпкъми и тхыдэм напэкIуэцI гугъуэхэр, гуауэхэр хэтщ, ахэр дигу илъу, блэкIам дерс къыхэтхыу адэкIэ дыкIуэн хуейщ. Тхыдэ Iузхуэм зэи урисонгдзэкэр хъунукъым, ар зы-щIэхэм яхуэдэнукъым. ЩIалэгъуалэр мыпхуэдэ форумхэм хэтУ, а лъапIэныгъэхэр я Iуазэу, ди къэралым и сэбэп зыхэлъхэм я хъумакIуэ хуейщ. А Iузхуэмкlэ къалэн щызэхуэзыIэу къыхэлъытэ хамэ къэрал студентхэм. Фэ Урысейм теухуа хъыбар пэжкэр, захуэзэр фи къэралхэм фохьыж, къэралитIым я зэхуаку фыдзэкIэрэ лъэпкъхэм яку дэпъ зэхуэдэ-кIэкэр фогъэбагъэ, нэхъыфIэныгъэ рыкъ екIупгэ фогъэкIуатэ. Абы къыхэкIыу, дэтхэнэми фи пщэ дэлъ жэуапIныгъэр зыщыымыгъэгъупщэ, - жиIащ Георгоковым.

Зэхуэсым хэтхэм захуигъэзащ КъБКъУ-м ЩIалэгъуалэ политикэмкIэ, гъэсэныгъэ лэжьыгъэмрэ социальнэ Iуэхухэмкlэ и проректор Нэзрэн Бесланэ. Абы къыхигъэщащ университетри граждан Iэху епIыкIэмрэ хэкупсэфэмрэ щызэфIэувэ щIыпIэу зэрыщытыр:

- Зэкъуэтыныгъэр, зэдзэкъуэ зэпеуэм фIы дыдэу зыкъыщигъэлъэгъуащ Джапуевэ Залинэ.

«Экономикэ щхьэнтIэ» унэтIыныгъэм етIуанэ увыпIэр къыщахьащ «ЭкоКавказ АгроХаб» проектым елэжьа «Горный градиент» гупым. КъБР-м и фермер цыкIуэхэм къыщагъэкIэр щащэн щIыпIэхэр къызэгъэпэщыным техуауэ Iэщlагъэлэ ныбжьыщIэхэм къыхалъхьар ягу дыхьащ къэпщытакIуэхэм. Абы елэжьащ Мэрзей Астемыр, ГъукIэ Астемыр, Чыл Къантемыр, Бауаевэ Алинэ, Узденовэ Камиллэ, Сыжкажэ Олег.

«IT-р - щэнхабзэм папщIэ» унэтIыныгъэм ещанэ увыпIэр щызыIэрагъэхьащ «Точка роста Кавказа» стартапхэм я зэпеуэм «Код Кавказа. Живая история» лэжьыгъэр щызыгъэлъэгъуа «Лаборатория наследия» гупым. Абы елэжьащ Шыбзыхъуэ Иналрэ Шыбзыхъуэ Алисэрэ.

Зэпеуэм и финалым кIуащ: «Миллер» гупым (Къэрдэн Мадинэ, Гяккиева Джамилэ, ЗекIуэрей Иннэ) и «Ин Суу» проектыр, Мышъхьэжь Темболэт и«Этнодеревня и экотуризм» проект щхьэзэщ.

«Ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ студентхэм я проектхэр апхуэдэ утыкушхуэм зэрыщагъэлъэгъуэфым, - къыхигъащIа Экономикэмкlэ кафедрэм и егъэджакIуэ нэхъыжь Абанковэ Эммэ. - Мыбдежым абыхэм я лэжьыгъэхэр щалъагIэу Iэщlагъэлъхэм, владастым и лIыкIуэхэм, щIэныгъэлIхэм, федеральнэ мардэм къытласэ зэпыщIэныгъэ ягъуэт. ЩIалэхэр фIы дыдэу пэлъэщащ: институтыр фIы и лъэныкъуэкIэ утыку кърахьэ къудейкIым, атIэ теориер хъэрычэт Iуэху нэрыльагъу хъунымкIэ проектхэр зэращIыфри наIуэ къащIащ. Гуапэщ къэпщытакIуэ гупым студентхэм я лэжьыгъэм и кууагъэр, къэхутэныгъэхэм я щхьэпагъэр, ди гупэкIэ фIыуэ зэрылэжьар къызэрыкIощIар».

Форумым хэтэ псори ирагъэблэгъащ Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академиим хэт, профессор Клейнер Георгий и унафэм щIэт, Системэ анализымрэ прогнозированэмкIэ центрым щеджэну.

IэРЫС Iэсият.

Къарур зыхэлъыр

пыкъуныгъэр, жэуапIныгъэр сыт хуэдэ зэманми ди лъэпкъхэм сэбэп къахуэхъащ лъэпощъэпо нэхъ гугъу дыдэхэр къызэранэкIыныжкIэ, епIэкIэ кIуэтэныжкIэ. Нобэ а лъапIэныгъэхэр лъабжьэ быдзу кIоно жылагъуэм и зыужьныгъэм, къэралыгъуэгъэбыдэным, щэнхабзэ щIэныр хъумэным теухуауэ. Ди университетыр егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ центр къудейкIым, атIэ граждан Iэху епIыкIэр щызэфIэувэ, къэралым и тхыдэм пщIэ щызхуащI щыпIэщ, - къыхигъэщащ Нэзрэн Бесланэ.

Урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмкIэ «Вече» жылагъуэ зэгухэныгъэм и унафэщI Литвинов Роман урысей жылагъуэм и зэкъуэтыныгъэм и зэхэлъыкIэм теухуа и гупсысэхэмкIэ ядэгуэшащ къызэрызэхэсам:

- Урысейм къарур хэзгъэ-кIащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБКъУ-м Всеобщэ тхыдэмкIэ и кафедрэм и доцент, «Смыслы Кавказа» лабораторэм и унафэщI Тумэ Аскэр и лекцэ. «БлэкIа жыжьэмрэ Кавказ Ищхъэрэм и тхыдэ фэеплъыр къызэрыкIуэ Iузхуэмрэ» темэр къызэрызэхэсэм хуабжу яфIэгъэщIэгъэн хъуащ икIи купщIафIэу тепсэлъыхьащ.

Лекцэ нэужьым, абы щIэсахэр практикэ лэжьыгъэм хуэ

Унэм ухуэзышэж гъуэгу

Ткаченкэ Андрей и цІэр зезыхьэ сурэтыщІ гъуазджэхэмкІэ музейм мы махуэхэм щокІуэкІ Ставрополь щыщ, Урысейм и СурэтыщІхэм я зэгухьэныгъэм хэт Ефимовэ Екатеринэ и гъэлъэгъуэныгъэ. «Дорога домой» зи фІэщыгъэ выставкэр накъыгъэм и 14-м къызэІуахащ икІи тхьэмахуитІкІэ екІуэкІынущ.

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭМ сурэтыщІым утыку къыщрихьащ живопись, графикэ лэжьыгъэхэр. Абы хэлъ ІэдакъэщІэкІхэм щыщ куэд Санкт-Петербург къалэм дэт, иджырей гъуазджэмкІэ «Арт-муза» музейм 2021 гъэм щекІуэкІа «Город, где мы» гъэлъэгъуэныгъэм хэтащ.

Къыхэбгъэщмэ, мы гъэлъэгъуэныгъэр ирагъэжьащ 2024 гъэм. Абы лъандэрэ лэжьыгъэхэм къахэхъуащ, сурэтыщІым и Іуэху бгъэдыхьэкІэ-Іуэху еплъыкІэр, и Іэзагъэр нэхъри наІуэ къащІу. Екатеринэ и ІэдакъэщІэкІхэм ящІэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр фІыуэ илъагъу и къалэращ, абы и унэ фэтэр куэду зэхэтхэрщ, дызрикІуэ гъуэгухэмрэ къызэднэкІ лъагъуэхэмрэщ. Екатеринэ и сабиигъуэм хуезыгъэхъуэпсэкІыж гуэрщ къалэр: ар гитарэм и макъырщ, къалэм щыкуэд джэдухэмрэ ахэр зыгъашхэ цІыхуфІхэмрэщ. Гъуэгур - псэм щыщІэм, дунейм цІыхур зэрыщыпсэум, блэкІамрэ къэкІуэнумрэ, нэгъуэщІхэми уезыгъэгупсысщ. Ауэ Екатеринэ и лэжьыгъэхэм къалэр щывэржьэркъым, атІэ зэманыр къэувыІауэ псори сабырми ярейщ. ДыкъызыщІэувыІыкІыу зытплъыхьыну, къызэрыгуэкІыу къытщыхъухэм дахагъэ хэтлъэгъуэну дыкъыхуриджэ хуэдэщ. Уеблэмэ фІыуэ дызыщыгъуазэ макъхэр зэхэтхынкІэ, тфэфІмэ гуакІуэхэр къытщІихьэнкІэ мэхъу. Екатеринэ и дежкІэ къызэрыгуэкІ Іуэхущ нэхумрэ ныбжьымрэ «зэрызэдэджэгур», нэгъуэщІым гу зылъимытэу зыблэкІынкІэ хъунур нэІурыту къэгъэлъэгъуэныр...

Гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэІуах зэІущІэм къыщыщыпсалъэм, КъБР-м и СурэтыщІхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Къаныкъуэ Жаннэ къыхигъэщащ илъэситІ ипэ зригъэцІыхуа, бзылъхугъэхэм ятеухуа выставкэ Налшык къэзышауэ щыта Екатеринэрэ абырэ щІэх-щІэхыурэ зэрызэпсалъэр, ИнтернеткІэ зэрызэрыщІэр.

- Илъэситху хъуауэ Художествэхэмкіэ Урысей академием и гъусэу сурэтыщІ ныбжьыщІэхэм я зэхьэзэхуэ идогъэкІуэкІ. Мис абыхэм ящыщ зым щытекІуауэ щытащ Катя. Сыт хуэдэу сыгуфІат илъэс кІуам и кІэуххэм Катя къыщитхам щэнхабзэ ІуэхухэмкІэ къулей ди республикэм и ІэдакъэщІэкІхэр къиишэмэ и гуапэу. СурэтыщІ гъуазджэхэмкІэ музейм Іуэхур къыддиІыгъри, нобэрей Іуэхур къызэгъэпэща хъуащи, дыщогуфІыкІ, - жиІащ Жаннэ. - Мы гъэлъэгъуэныгъэр тІууэ зэхэбгъэщхьэхукІ хъунущ: япэ пэшым щытлъагъур гъуэгущ, етІуанэр – къалэм, фэтэр куэду зэхэт унэхэм, щІыхьэпІэ-щІэкІыпІэхэм, абыхэм дызыщрихьэлІэ джэдухэм... СурэтыщІ зэчиифІэм зэрихьэлу, нэгъуэщІхэр «зыхуэдэгу» дахагъэр Катя илъагъу къудейкъым, псэкІэ зыхещІэри, ар дэри и Іэрыкl гъэщІэгъуэнхэмкІэ къытпкърегъэхьэ. Живописымрэ графикэмрэ хуэІэкІуэлъакІуэщ ди хьэщІэр, ауэ иужьрейм ар зэрелэжьыр Іэмал гъэщІэгъуэнщ: сурэтхэр зытрищІыхьыр пхъэ зэрахъуэ тхылъымпІэ пхъашэращ. Ар икъукІэ гугъущ, лэчыр щыпхуэху уи Іэхэр трех. Ауэ Катя ар фІэфІщ, къохъулІэри, дяпэкІи хущІемыгъуэжу апхуэдэ лэжьыгъэхэмкІэ дигъэгуфІэну ди гуапэщ. Гу зэрылъыфтащи, сурэтхэр щхъуэкІэплъыкІэщ, ар игу иримыхьу, егъэлеищауэ къыжезыІэхэр щыІэу Катя къыхигъэщати, чэнджэщ естащ зыми емыдэІуэну. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, ар адрейхэм къахэзыгъэщ зы хьэтІ щхьэхуэщи, ихъумэмэ нэхъыфІу къысщохъу.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэу Беспаловэ Натальерэ Пащты Борисрэ, сурэтыщІ цІэрыІуэ Тхьэзэплъыж Руслан, ди республикэм и СурэтыщІхэм я зэгухьэныгъэм хэт Ермолаевэ Аннэ сымэ зыжьэу жаІащ зэ Іуплъэгъуэкlэ псори къызэрыгуэкІыу къызэрыпщыхъур, ауэ егъэлеяуэ зэрыдахэр, зэрыгъэщІэгъуэныр, узэрарагъэгупсысэр, адрейхэми ялъагъум Екатеринэ нэ лейкІэ зэреплъыр, сурэтхэм цІыху имытми цІыхупсэ зэрахэтыр.

Езы Ефимовэ Екатеринэ псалъэ щратым зэІущІэм къэкІуа псоми фІыщІэ яхуищІащ икІи къыхигъэщащ Налшык и цІыхухэм гуапэу къызэрырагъэблэгъар. «Сыгузавэрт сыкъыщыкІуэм, апхуэдиз сурэтыщІ цІэрыІуэ зиІэ, зи щэнхабзэ, гъуазджэ гъащІэр къулей щІыналъэм щафІэгъэщІэгъуэныну си лэжьыгъэхэр, жысІэу. АпхуэдизкІэ цІыхуфІщ, сыт и лъэныкъуэкІи къыбдэІэпыкъуну хьэзырщ фи цІыхухэри, сыкъызэрысу си пІейтеиныгъэм щыщ къыхэнэжакъым. Си унэ сыкъэкІуэжа хуэдэщ - ар къысІущІа, фІыуэ слъэгъуа, си гум къинэну цІыхухэращ зи фІыщІэр», - жиІащ хьэщІэм.

Екатеринэ и щхьэгъусэ Дмитрий къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ Іуэхугъуэ зыбжанэм. Псалъэм и хьэтыркІэ, гъэлъэгъуэныгъэм хэт сурэтхэм ящыщу 9-м QR-код тетщи, жып телефоным ахэр къебгъэубыдмэ, макъамэ дахэ къоуэ, Екатеринэ щылажьэм деж иІэ гурыгъу-гурыщІэхэм ухашэу. Языныкъуэхэр щищІым гукъыдэжыр и куэду лэжьащ сурэтыщІыр, адрейхэм и деж зы гурыгъуз гуэрым зэриІыгъыр къапщІэу нэщхъейщ.

Усэ етх Екатеринэ. Зы Іэмал щІагъуэт зы лъэныкъуэмкІэ и лэжьыгъэхэм щыщ, адреймкІэ усэ зытет тхылъымпІэхэр, хуейхэм къащтэу, фэеплъу къызыхуагъэнэну сурэтыщІым Іэ зэрыщІрагъэдзар.

Тырку кофе пшахъуэ пщтырымкІэ ягъавэурэ ар фІыуэ зылъагъухэр абыкІэ зэрагъэфІам зэІущІэм хуабагъэ къыхилъхьащ, цІыхухэм я зэдэуэршэрыр тынш, гуапэ ищІащ.

Накъыгъэм и 28-м, гъэлъэгъуэныгъэр щызэхуащІыж махуэм, сыхьэт 12-м щІидзэу Ефимовэ Екатеринэ и мастер-класс щыІэнущи, абы хэтыну хуейхэр фыкърагъэблагъэ.

ИСТЭПАН Залинэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Іэмалхэр зи куэд щІалэгъуалэ

«Меганом» творческэ индустриехэмкІэ академием Кърымым къыщызэригъэпэща зэхыхьэ иным хэтащ «Урысейр Іэмалхэм я къэралщ» президент платформэр къэзыуха ІэщІагъэлІи 100-м щІигъу. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лІыкІуэу зи гугъу тщІы проектым зыкъыщигъэлъэгъуащ КъБКъУ-м и студент Іэрэмысэ Заурбэч. Абы щызэхуэсат президент платформэм жыджэру щылэжьахэу «Профразвитие», «Флагманы образования», «Центры компетенций», «ТопБЛОГ», «Я - профессионал», «Территория новых возможностей», нэгъуэщІ унэтІыныгъэхэми хэта амбассадорхэр, трекерхэр, ІэщІагъэлІхэр. Платформэр къэзыухахэр дяпэкІэ зэлэжьынухэмкІэ зыщІагъэкъуэну, Урысейм и ІэщІагъэлІ ныбжьыщІэхэм я Іэзагъым зрагъэужьыну, ІэщІагъэ лъагъуэ трагъэхьэну аращ я мурадыр къызэгъэпэщакІуэхэм.

ІЭЩІАГЪЭЛІ ныбжьыщІэхэмрэ щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я пашэхэмрэ егъэджэныгъэ, социальнэ жэрдэмхэм зрагъэужь, президент платформэм и экосистемэмрэ еджапІэр къэзыуххэм зэрызыщІагъакъуэ ухуэкІэмрэ егъэфІэкІуэнымкІэ дэІэпыкъуэгъу мэхъу.

- Президент платформэр щІэдзапІэ пхуэхъу, гъуэгур уигъэлъагъу къудейкъым, атІэ цІыхум и зэфІэкІым адэкІэ щыхигъэхъуэфын, зыщиужьын щІыпІэ мэхъу. «Меганом»-м и гъусэу дэ къызыдогъэпэщ президент платформэр къэзыухахэм я проектхэр адэкІэ гъэкІуэтэнымкІэ, я гупсысэхэр гъащІэм хапщэнымкІэ Іэмалхэр. Ар теорие щызэхэпх щІыпІэкъым, атІэ Іуэху нэрылъагъу къызыпэкІуэщ, дэІэпыкъуныгъэ щыбгъуэтщ. Мыбы щынэхъыщхьэр Іуэху зыІэпыхынырщ - Іэмал зыгъуэту зи Іуэху дэкІахэр сэбэп мэхъу адрейхэми апхуэдэ къахузэгъэпэщынымкІэ, - къыхигъэщащ «Урысейр Іэмалхэм я къэралщ» президент платформэм и генеральнэ унафэщІ, «Сенеж» управленэм и мастерскойм и ректор Бетин Андрей.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыбгъэдэкІыу зэхыхьэм хэта, КъБКъУ-м и студент, абы и зы центрым и ІэщІагъэлІ Іэрэмысэ Заурбэч и гъащІэр спортым ирипхыну мураду зэхуигъэувыжат, псом хуэмыдэу футболым, арщхьэкІэ къыхихар нэгъуэщІ гъуэгущ. А зэхъуэкІыныгъэращ, езы Заурбэч зэрызыкъиумысыжымкІэ, ар КъБКъУ-м и Центрым къэзышар, лъэныкъуэщІэкІэ зыкъыщызэкъуихар, адэкІи зиужьынымкІэ Іэмалхэр щызыІэригъэхьар. 2025 гъэм ЩІалэгъуалэм я Урысей зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и нэІэм щІэту абы иригъэжьащ «Профи Плюс» проектыр. Заурбэч зэрыжиІэмкІэ, зэримыгугъауэ студентхэм яфІэгъэщІэгъуэн хъуащ а Іуэхур. «Студентхэр жыджэру къызэрыхыхьар щыхьэт техъуащ проектыр зэрысэбэпым. Ари куэдкІэ и фІыщІэщ сыщылажьэ КъБКъУ-м и центрым», - жеІэ абы.

НобэкІэ Іэрэмысэр амбассадор къудейкъым, атІэ ар йолэжь студентхэм я Іэзагъыр зыхэлъхэр къэхутэным, зегъэужьыным, абыхэм унэтІакІуэу яІэщ, щІалэгъуалэм я зэфІэкІхэр утыку къихьэнымкІэ ядоІэпыкъу. Иджыпсту «Профи Плюс» проектым Іуащхьэмахуэ лъапэ зыщрегъэужь.

Зэхыхьэм и лэжьыгъэр апхуэдэу зэтраублати, щІалэгъуалэр зыпэрыт проектхэр зэпкърахащ, апхуэдэуи лэжьыгъэщІэхэм иужь ихьащ. Зэхуэсахэр унэтІыныгъэ зыбжанэкІэ лэжьащ, дэтхэнэри хуэгъэпсат зэгухьэныгъэ щхьэхуэхэм зегъэужьыным.

«Урысейр Іэмалхэм я къэралщ» президент платформэм Къэпщытэныгъэмрэ методологиемкІэ и департаментым и унафэщІ Шишунов Сергей къызэрыхигъэщамкІэ, зэІущІэм хэтахэр къэралым и щІыналъэ куэдым къикІащ - Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыщІэдзауэ Хабаровск нэс, Новороссиемрэ Донбассымрэ щегъэжьауэ Ханты-Мансийск автоном округым нэс.

- Программэм щІалэгъуалэм Іэмал къаритащ проектхэр зэрагъэкІуатэ Іэмэпсымэхэр, зэпыщІэныгъэ сэбэпхэр зрагъэгъуэтынымкІэ. ІэщІагъэлІ ахъырзэманхэм тренингхэмрэ стратегие сессиехэмрэ ирагъэкІуэкІащ. Нэхъыщхьэу хэлъар зэрыцІыхуныгъэщІэхэрщ, щхьэж и жэрдэмхэр гъащІэм хэпща хъунымкІэ къыхуэсэбэпыну, - къыхигъэщащ Шишунов Сергей.

«Профразвитие» проектым и ІэщІагъэлІхэмрэ трекерхэмрэ я программэм хыхьэрт архитектурэмкІэ зэфІэкІхэм, зэпыщІэныгъэхэм зегъэужьыным, гуп зэдэлэжьэныгъэр яхузэпкърыхыным, щытыкІэ гугъухэм къызэрикІынум, зыужьыныгъэм зэрыхуэкІуэнум хуэунэтІа тренингхэр. Гулъытэ щхьэхуэ хуащІащ амбассадорхэм я зэгухьэныгъэм дэлэжьэным хуегъэсэным. «Флагманы образования» зэгухьэныгъэм зытригъащІэр гъэсэныгъэ лэжьыгъэрщ, сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ зэрадэлэжьэн ухуэкІэ зэхэлъхьэнырщ. ЗэІущІэм хыхьэу унэтІыныгъэ псомкІи программэхэр зэхалъхьащ зэпымыууэ лэжьыгъэр екІуэкІын папщІэ - проектыр къыщагупсысым деж къыщыщІэдзауэ езыр-езыру гъэзэщІэным нэсыху.

ШЭРІУЖЬ Даянэ.

Уэрэдыжьхэм я пшыхь

Кулиев Къайсын и цІэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым накъыгъэм и 15-м щекІуэкІащ балъкъэр цІыхубэ уэрэдыжьхэм я фестиваль-зэпеуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист, КъШР-м и цІыхубэ артист, уэрэджыІакІуэ Іэзэ, макъамэр зи Іэпэгъуа, ІуэрыІуатэдж Отаров Омар и фэеплъу. КъБР-м ЩэнхабзэмкІэ и министерствэм пшыхьыр къызэригъэпэщащ уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэр къызэралъхурэ илъэси 110-рэ щрикъум ирихьэлІэу.

ТЕАТРЫМ и пэІущІэ пэшым дапхъэ щагъэуват цІыхубэм я узэщІакІуэ Отаров Омар и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ ятеухуа тхылъхэр, уэрэджыІакІуэм и тхыгъэхэр, и унагъуэм, и лэжьэгъухэм, ныбжьэгъухэм щІыгъуу траха сурэтхэр щызэхуэхьэсауэ. Абыхэм язт Отаров Омар къызэралъхурэ илъэс 85-рэ щрикъум ирихьэлІэу «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм къыдигъэкІа «Карачаево-балкарские народные песни» (уэрэди 100) тхылъыр, нотэхэмрэ псалъэхэмрэ щІыгъуужу.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухьэдин фестивалым зыкърезыгъэхьэлІахэм фІэхъус гуапэ ярихащ икІи зэхуэсахэм ягу къигъэкІыжащ Отаров Омар и гъащІэмрэ и лэжьыгъэмрэ.

Отаров Омар 1916 гъэм накъыгъэм и 10-м Гирхожан къуажэм къыщалъхуащ. Пасэу зи анэр дунейм ехыжа щІалэ цІыкІур лъэпкъ ІуэрыІуатэм щІэзыпІыкІар и адэ Магомедщ. Аращ Омар цІыхубэ уэрэдыжьхэмрэ макъамэхэмрэ гукІэ хъумэным хуэзыгъэсар.

1938 гъэм ар хагъэхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым уэрэдымрэ къафэмкІэ и къэрал ансамблым. Ар абы хэтащ уэрэджыІакІуэу. ИужькІэ республикэм и радиомрэ телевиденэмрэ я хорым щыхэтам, Отаровым и уэрэд жыІэкІэмрэ и макъымрэ цІыхубэр дахьэхыу, лъэпкъ ІуэрыІуатэм тхыдэ фэеплъ мыхьэнэ зэриІэр и лъэпкъэгъухэм захригъащІэу, абы пщІэ хуащІыным къыхуриджэу щытащ. И лъэпкъым и блэкІар, балъкъэр, къэрэшей лІыхъужьхэм я ІуэхущІафэхэр къыхощыж абы игъэзащІэу щыта уэрэдхэм.

Омар жиІэрт уэрэдым къригъэлауэ, Азие Курытым балъкъэрхэр щыщыІа илъэсхэм. Омар къыщыхъурт уэрэд жиІэн зэрыщигъэту псэуни щигъэтыну. Апхуэдэуи хъуащ. Радиом и хорыр зэбграгъэкІыжа нэужь, куэд мыщІэу ар дунейм ехыжащ. Омар хуабжьу къехьэлъэкІат уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэхэр зыхэта гупыр лейуэ къызэралъытар.

Омар и псалъэ Іущхэм и лъэпкъэгъухэр щІэдэІурт. НэхъыщІэхэр зыхищІыкІырт, пщІэ яхуищІырт, фІыуэ илъагъурт, игъэлъапІэрт. Абы сыт щыгъуи сабийхэр игъасэрт Іейм фІыкІэ пэджэжыну, и цІыхубэ уэрэдхэмкІэ ар жылагъуэ Іуэхухэми хэлІыфІыхьырт, гъащІэр фІыуэ ялъагъуну цІыхубэр къыхуриджэу.

Музыкэ щІэныгъэ имыІами, абы уэрэдхэр ныкъусаныгъэншэу зэхилъхьэрт. ЦІыхубэ хорхэм я съезд Москва щыщекІуэкІам, композитор цІэрыІуэ Шейблер Трувор тригъэчыныхьри, Отаровыр абы ягъэкІуат.

80-90 гъэхэм ар уэрэджыІакІуэ пашэу къалъытэрт. Абы езым уэрэд куэд зэфІигъэувэжат. Лэжьыгъэшхуэкъэ мыр: зэман кІэщІым къриубыдэу, Омар радиом и хорым и гъусэу уэрэд 500-м щІигъу иригъэтхат, дзапэ уэрэду щытауэ е ящыгъупщэжыпауэ къигъэщІэрэщІэжауэ.

Омаровым и цІэр зэрехьэ Къэщкъэтау къуажэм ГъуазджэхэмкІэ и сабий школым, Іуащхьэмахуэ районым и лъахэхутэ музейм. Абы и гъащІэр и щапхъэщ гъуазджэм, щэнхабзэм, и лъэпкъэгъухэм яхуэлэжьэным.

Пшыхьыр ягъэдэхащ КъБР-м и Музыкэ театрым и хорым, «Балкария» ІуэрыІуатэ къэфакІуэ ансамблым, уэрэджыІакІуэхэу Жубоев Жамболэт, Жабоевэ Замирэ, Атмурзаевэ Танзиля, Холамханов Къайсын, Занкишиев Марат, нэгъуэщІхэми. Районхэм щекІуэкІа зэпеуэхэм щытекІуа ансамблхэмрэ уэрэджыІакІуэ щхьэхуэхэмрэ фестивалым щагъэзащІащ цІыхубэм псэкІэ къагъэщІа, нобэм къахьэса уэрэдхэр. ЭкранымкІэ къагъэлъэгъуащ Отаровым уэрэдыжьхэр игъэзащІэу траха телеэтынхэм я пычыгъуэхэр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Футбол

«Нартым» апхуэдизу лъэщу къыщІидзати...

«Нарт» (Черкесск) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:0 (1:0). Черкесск. «Нарт» республикэ стадион. Накъыгъэм и 23-м. ЦІыху 337-рэ еплъащ.

Судьяхэр Ануфриев (Москва), Ежак, Козленкэ (тІури Сочэ щыщщ).

«Нарт»: Магомедов, Филиповский (Осицин, 46), Коротков, Удунян, Беляев (Къадэгъазэ, 72), Ягьяев, Тхьэкъуахъуэ, Каргинов, Курбанов (Дашаев, 46), Панаев, Машэжь (Оленев, 65).

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, Гирзишев, КІэдыкІуей, Балъкъыз, Жабоев, Пириев, Блий, Гъуэгузокъуэ, ХьэцІыкІу, ЛІуп (Хьэшыр, 67), Ибрагимов.

Топыр дигъэкІащ: Ягьяевым, 26 (1:0).

Дагъуэ къыхуащІащ: Жабоевым, Беляевым, Панаевым, Пириевым, Гъуэгузокъуэм, Балъкъызым, Хьэшырым, Тхьэкъуахъуэм.

Джэгум къыхахуащ: Жабоевыр (8-нэ дакъикъэм).

Япэ дакъикъэм Машэжьым пенальти худэгъэкІакъым.

Зэкъуэш республикэхэм Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм я щІыхьэр щызыхъумэ «Нартымрэ» «Спартак-Налшыкымрэ» зэхуащІыжырт иужь лъэхъэнэм Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым я командэ нэхъыфІхэм я зэІущІэхэр. ЗэрыфщІэжщи, япэщІыкІэ ди щІалэхэм МейкъуапэкІэ къикІахэр 1:0-у хагъэщІащ. КъыкІэлъыкІуэу «Дружба»-р «Нартым» 3:2-уэ ефІэкІащ, хьэщІэхэр 2:0-у япэ ита пэтми. Иджы Черкесск щызэхэкІынут Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я топджэгу гупхэм ящыщу хэт иджыпстукІэ нэхъыфІыми.

Щэбэт кІуам екІуэкІа зэІущІэр «Нартым» апхуэдизу лъэщу къыщІидзати, «Спартак-Налшыкыр» игъэундырэщхъуат. Хэгъэрейхэм я япэ дыдэ ебгъэрыкІуэныгъэр щекІуэкІым ди гъуащхьэхъумэ Жабоев Исмэхьил гъуэм пэмыжыжьэу ириудащ абыхэм я капитан ди лъахэгъу Машэжь Ратмир. Судьям метр пщыкІузым и деж напІэзыпІэм игъэлъагъуэри, балъкъэр щІалэм дагъуэ хуищІащ.

Пенальтир игъэзэщІэну бгъэдыхьащ илъэс зыбжанэкІэ «Спартак-Налшыкым» и щІыхьыр зыхъумауэ иджы «Нартым» и пашэ Машэжьым. Ар хущІэкъуащ гъуащхьэтетымрэ топымрэ лъэныкъуэ зырызым къыщигъэхутэну икІи къехъу-лІа хуэдэт. АрщхьэкІэ ижьырабгъумкІэ зызыгъэукІурий Къумыкъу Аслъэнбэч къиишиижа и лъакъуэмкІэ Ратмир и удыным къригъэгъэзащ.

ХьэщІэхэм «пшагъуэр» ящхьэщыкІауэ къыпфІэщІырт. Ди жагъуэ зэрыхъущи, мыгувэу аргуэру зы удын ягъэвын хуей хъуащ. ДжэгупІэ губгъуэм икухэм деж Жабоевым футбол хабзэр аргуэру къызэпиудщ, етІуанэу судьям дагъуэ къыхуищІри зэІущІэм къыхихуащ. Еянэ дакъикъэр екІуэкІыу арат.

АдэкІэ «Спартак-Налшыкым» къыпэщылът зы цІыхукІэ нэхъ мащІэу я хьэрхуэрэгъухэм сыхьэтрэ ныкуэм нэблагъэкІэ япэщІэтыну. Ар яхузэфІэкІакъым ди щІалэхэм. 26-нэ дакъикъэм угловой къыхата иужькІэ Ягьяевым зыри зэран къыхуэхъуфакъым щхьэкІэ еуэу «Нартым» текІуэныгъэр къыхуэзыхьа топ закъуэр къытхудигъэкІыным.

Апхуэдэ щІыкІэкІэ Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым футболымкІэ я гуп нэхъыщхьэхэм зым адрейр хигъэщІарэ нэхъ лъэщыр зэкІэ захамыгъэкІауэ пэщІэдзэ зэпэщІэтыныгъэр кърахьэлІащ. Деплъынщ етІуанэ къекІуэкІыгъуэм къытхуихьынум.

АдэкІэ щыгъуазэ фыхуэтщІынщ Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм и зи чэзу джэгугъуэм къррикІуа бжыгъэхэм: **ПСК** (Первореченскэ) - «**Рубин**» (Ялтэ) - **3**:**1**, «**Шахтёр**» (Донецк) - «**Заря**» (Луганск) - **2**:**1**, «**Кызылташ**» (Къырым) - «**Севастополь**» (Севастополь) - **0**:**2** «**Победа**» (Хасавюрт) - «««**Нефтяник**» (Избербаш) - **7**:**0**, «**Анушт**» (Нэзрэн) - «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - **0**:**1**, «**Ростов-2**» (Дон Іус Ростов) - «**Чайка-М**» (Песчано-копскэ) - **5**:**0**, «**Динамо-2**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Астрахань**» (Астрахань) - **0**:**2**.

КъыкІэлъыкІуэ джэгугъуэри «Спартак-Налшыкым» нэгъуэщІ стадионым щригъэкІуэкІынущ. Накъыгъэм и 30-м Ялтэ къалэм ар щыІущІэнущ абы и «Рубин»-м.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	**«Шахтёр»**	**9**	**7**	**1**	**1**	**14-5**	**22**
2.	**«Севастополь»**	**9**	**6**	**2**	**1**	**17-6**	**20**
3.	**«Ростов-2»**	**9**	**6**	**0**	**3**	**19-10**	**18**
4.	ПСК	9	5	1	3	17-13	16
5.	**«Спартак-Налшык»**	**9**	**4**	**3**	**2**	**13-5**	**15**
6.	«Победа»	9	4	2	3	16-8	14
7.	«Нарт»	9	4	2	3	13-6	14
8.	«Рубин»	9	4	2	3	12-9	14
9.	«Кызылташ»	9	4	2	3	12-10	14
10.	«Дружба»	9	4	2	3	9-9	14
11.	«Ангушт»	9	4	1	4	5-6	13
12.	«Астрахань»	9	2	3	4	7-11	9
13.	«Нефтяник»	9	3	0	6	8-25	9
14.	«Заря»	9	1	3	5	8-17	6
15.	**«Динамо-2» Мх**	**9**	**1**	**1**	**7**	**4-16**	**4**
16.	**«Чайка-М»**	**9**	**0**	**1**	**8**	**4-22**	**1**

Дохутыр нэсым и щапхъэ

Тырныауз къалэм щыщ Атмурзаевэ Жаннэ редакцэм къытхуигъэхьа тхыгъэр теухуащ и узыншагъэр зэфІэувэжынымкІэ сэбэп къыхуэхъуа дохутырым.

«НАЛШЫК къалэ дэт Республикэ клиникэ сымаджэщым и неврологие къудамэм сыщІэхуащ мы гъэм и мэлыжьыхь мазэм. СымыгъэщІэгъуэн слъэкІакъым абы и лэжьакІуэхэм зыпэрыт Іуэхум хуаІэ бгъэдыхьэкІэр. ШыІэныгъэшхуэ яхэлъу я къалэныр нэгъэсауэ зыгъэзащІэ гупщ.

Псом хуэмыдэу фІыщІэ хуэсщІыну сыхуейт сэ къызэІэза Чэтыкъуэ Динарэ Хьэсэнбий и пхъум. Зыпэрыт ІэнатІэм хуэфэщэн щІэныгъи Іэзагъи бгъэдэлъщ а бзылъхугъэм. И нэІэ щІэт дэтхэнэ зыми гулъытэ хуищІу, гукІи псэкІи хуэгумащІэу, и узыншагъэр зэрефІэкІуэжым щыгуфІыкІыу щытщ. КъуихьэлІэ хущхъуэхэм къадэкІуэуи, и псалъэ гуапэхэмкІи гукъыдэж къыпхилъхьэжу апхуэдэщ Динарэ. Шэч хэмылъуи, «ІэщІагъэм къыхуигъэщІащ» зыхужаІэр а бзылъхугъэм хуэдэхэрщ. Нэхъыщхьэращи, дохутыр нэсым хэлъын хуей хьэл псори дыболъагъу Чэтыкъуэм: Іэзагъышхуэ бгъэдэлъщ, гуапэщ, гумащІэщ, гущІэгъулыщ.

Чэтыкъуэ Динарэ сохъуэхъу зыпэрыт ІэнатІэм ехъулІэныгъэхэр щиІэу, и лэжьыгъэм и хьер илъагъуу, езыр зи плъыр узыншагъэм щымыщІэу, гуфІэгъуэрэ дэрэжэгъуэкІэ и гъащІэр гъэнщІауэ псэуну!»

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.

Паспортыр хуахьыжащ

КъБР-м щыІэ МВД-м Іэпхъуэшапхъуэ ІуэхухэмкІэ и управленэм и лэжьакІуэхэм я фІыгъэкІэ илъэс 96-рэ зи ныбжь налшыкдэсым паспортыщІэр Іэрыхьащ.

ЗИ НЫБЖЬ хэкІуэтар езыр къахуэкІуэу и паспортыр яІихыжыныр къызэрехьэлъэкІынур къагурыІуэу, КъБР-м щыІэ МВД-м и УВМ-м цІыхухэм ядэлэжьэнымкІэ и къудамэм и унафэщІ, полицэм и майор Башиев Рашидрэ инспектор, полицэм и лейтенант Пекъу Исмэхьилрэ нэхъыжьыфІым и унэм кІуэри дэфтэрыр иратыжащ, узыншагъэ быдэ иІэнуи ехъуэхъуащ.

ЦІыхухъум апхуэдэ гулъытэ къызэрыхуащІам, къэрал Іуэхутхьэбзэр псынщІэу зэрыхуэзэфІахам папщІэ республикэм щыІэ МВД-м и УВМ-м и лэжьакІуэхэм фІыщІэ яхуищІащ.

БАХЪСЭН Ланэ.

Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр пщэдей къыдэкІынущ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ *(унафэщІ-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ**, **Къумахуэ Аслъэн**, **НэщІэпыджэ Замирэ**, **Чэрим Марианнэ**, **ЩхьэщэмыщІ Изэ**.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-88, 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-89; хабзэхъумэ ІэнатІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

Къыдэзыгъэкlхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.266
Заказыр №1.059
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.),* **ДыщэкІ Соня** *(1, 4-нэ нап.). Корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатІимэ**.

КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ **Мэлбахъуэ Анжелэ**, **Щомахуэ Марианнэ**.

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ**.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.